ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№122 (23.936) ● 2019 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




## Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ яIущIащ къэралым и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэу иджыблагъэ хахахэм



**Президентым иригъэблэгъат Урысей Федерацэм и субъект 19-м я унафэщIхэр - фокIадэм и 8-м къэралым щекIуэкIа хэхыныгъэхэм кърикIуахэм япкъ иткIэ а къулыкъухэр зыхуагъэфэщахэр.**

**Путин Владимир**: Фи махуэ фIыуэ, пщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъухэ!

Сыхуейщ къулыкъу лъагэхэм фызэрыхахамкIэ сынывэхъуэхъуну. Сэ иджыпсту солъагъу си нэIуасэ куэд. Зыгуэрхэм дэрэ дызэгъусэу зыкъом щIауэ долажьэ, зыгуэрхэри а къулыкъухэм япэу пэрыувэу аращ. Сэ сыхуейщ иджыпсту фызытет лэжьэкIэр къэвмыгъэтIэсхъэну икIи апхуэдэ дыдэуи фегугъуу, фи зэфIэкI псори ефхьэлIэу а къулыкъу лъагэхэм фыпэрытыну. Сыту жыпIэмэ, цIыхухэр къызэрывгъэгугъа псори вгъэзэщIэжын, иджы дзыхь къыфхуащIа щIыналъэхэм щыпсэухэм хьэлэлу фахуэлэжьэн папщIэ фи къару феблэж хъунукъым. Нэхъыщхьэ дыдэращи - зэпымыууэ зыхэфщIэн хуейщ гъащIэм и екIуэкIыкIэр, зэхэфщIыкIын хуейщ цIыхухэр къызэрыфщыгугъыр икIи абыхэм я гугъапIэхэр нахуапIэ хъуным хуэунэтIауэ фэ зэфIэвгъэкIхэр къазэрыщыхъур. Мис аращ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэр.

ЗыкIи шэч къытесхьэркъым фи къалэнхэр нэсу вгъэзэщIэн папщIэ фэ Iуэху и пIалъэ нэсу зэрыфщIэм - гъащIэм ехьэлIауи, IэщIагъэм ехьэлIауи. Ауэ набдзэгубдзаплъэу, къыхызогъэщри - набдзэгубдзаплъэу цIыхухэм фахущымытмэ, ехъулIэныгъэ зыIэрывгъэхьэфынукъым, сыту жыпIэмэ - аращ и лъабжьэр фэ иджыпсту дзыхь къыфхуащIа къулыкъу лъагэм хуэдэм пэрытым и лэжьыгъэм щызыIэригъэхьэфыну ехъулIэныгъэм.

ЗэIущIэр сухыну сыхуейщ мы псалъэ къызэрыгуэкIхэмкIэ: ехъулIэныгъэ фиIэну си гуапэщ. Сынывохъуэхъу икIи фи Iуэху фIы ирикIуэ.



## КIуэкIуэ Казбек Медведев Дмитрий щыгъуазэ ищIащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэм и ехъулIэныгъэхэм

**Дыгъуасэ Москва, ВДНХ-м и хэщIапIэм лэжьэн щыщIидзащ «Дыщэ бжьыхьэ-2019» XXI Урысейпсо мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм.**

ВЫСТАВКЭР къызэIухыным ехьэлIа дауэдапщэхэр зэфIэкIа нэужь, УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий зи унафэщI правительствэ лIыкIуэ гупым зыщаплъыхьащ щIыналъэ-хэм къызэрагъэпэща стендхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым ираша эскпозицэр Урысей Правительствэм и УнафэщIым иригъэлъэгъуащ КъБР-м и Iэтащхьэм. КIуэкIуэ Казбек Медведев Дмитрий и гугъу хуищIащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэм щылажьэхэм я ехъулIэныгъэхэм, АПК-м щызэфIагъэкI инвестицэ проектхэм, апхуэдэуи IэфIыкIэ куэд республикэм нэгъуэщI къэралхэм зэрыригъашэм. Мы илъэсыр къызэрихьэрэ апхуэдэу ящам и уасэр доллар мелуани 3,5-рэ ноблагъэ.

Къэралым и мэкъумэшхозяйственнэ зэхуэс нэхъ ин дыдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм щегъэлъагъуэ консерв щIыным, джэдкъаз гъэхъуным, пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIрэ гъэкIыным, лы, гъэшхэкI къэлэжьыным, минеральнэ псырэ псыIэфIрэ къыщIэгъэкIыным елэжь IуэхущIапIэ 30-м я продукцэр. Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым, бгылъэхэм, бгы лъапэхэм жыг хадэхэр щыгъэкIыным елэжь Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым я IэщIагъэлIхэми я щIэныгъэ лэжьыгъэхэм я презентацэхэр йокIуэкI.

Мэкъумэш IэнатIэм къэралыр зэрыдэIэпыкъур, къуажэхэм зэдэууэ зегъэужьыныр, иджырей урысей мэкъумэш IэнатIэм щIэуэ къыхыхьахэр - а Iуэхухэращ нэхъ хэкъузауэ зыщытепсэлъыхьар «Бренд щхъуантIэ. ЩащIар Урысейрщ: ерыскъыпхъэхэр къэлэжьынымрэ щэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэщIэхэр» I Дунейпсо мэкъумэш промышленнэ зэхуэсышхуэм и зэIущIэ нэхъыщхьэр.

Абы кърихьэлIахэм защыхуигъазэм Медведев Д. А. къыхигъэщащ «Дыщэ бжьыхьэр» Агропромышленнэ IэнатIэм и тхьэмахуэ зыфIаща Iуэхум щынэхъыщхьэхэм зэращыщыр: «Мыпхуэдиз къызэщIэзыубыдэ Тхьэмахуэ дэ япэу едгъэкIуэкIыу аращ. Я ехъулIэныгъэхэр ягъэлъагъуэ щIыналъэ 50-м щыщхэм, урысей бизнесым къыдэлэжьэну хуей хамэ къэрал компание 77-м. Дэ, шэч хэмылъу, адэкIи зыщIэдгъэкъуэнущ АПК-м. Сыту жыпIэмэ, дэ иджыри куэд зэфIэдгъэкIыну къытпэщытщ ди къэралым и мэкъумэш IэнатIэр технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп, куэд къыщIэзыгъэкIыф икIи нэгъуэщI къэралхэм япеуэфын тщIыным хуэунэтIауэ. Илъэс къакIуэ къыщыщIэдзауэ лэжьэн щIидзэнущ къэрал программэщIэм. Абы ипкъ иткIэ дэ пытщэнущ псэупIэ унэхэр ухуэным, гъуэгухэр щIыным, газ, псы зимыIэхэм яхущIэтшэным, къуажэхэр зэIузэпэщ тщIыным - дегугъунущ къуажэм ущыпсэуныр къалэм нэхърэ мынэхъыкIэ зэрытщIыным».

Властым и федеральнэ, щIыналъэ органхэм, хьэрычэт IэнатIэм, дунейпсо зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, ди къэралым, нэгъуэщI хэкухэм я компание нэхъ цIэрыIуэхэм я экспертхэмрэ топ-менеджерхэмрэ, УФ-м хыхьэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр тепсэлъыхьащ IэнатIэм зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхухэм, абыхэм ерыскъыпхъэрэ консерву нэгъуэщI къэралхэм ирагъашэхэм хэгъэхъуэным теухуахэри яхэту. АбыкIэ бжьыпэр къэралым щаIыгъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ IэнатIэм щыщ IуэхущIапIэхэм. 2019 гъэм республикэм хузэфIэкIащ хадэхэкIрэ пхъэщхьэмыщхьэрэ зэрылъ консерву банкI мелуан зы махуэм къыщIигъэкIыну. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр республикэм япэ дыдэу зыIэригъэхьэу аращ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэкIэ «Дыщэ бжьыхьэ-2019» XXI Урысейпсо мэкъумэш выставкэр Агропромышленнэ IэнатIэм и тхьэмахуэм хыхьэу екIуэкIынущ жэпуэгъуэм и 9 - 12-хэм. Ар ирагъэхьэлIащ мэкъумэш IэнатIэмрэ ерыскъыхэкIхэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакIуэхэм я махуэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

## КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ Терророрым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэм

**Урысейм Терророрым пэщIэтынымкIэ и лъэпкъ комитетым и Iэтащхьэ, ФСБ-м и УнафэщI Бортников А. В. жэпуэгъуэм и 8-м Пятигорск щригъэкIуэкIащ НАК-м и зэIущIэ. Абы щыхэплъащ профилактикэ лэжьыгъэхэм кърикIуахэм, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм террористическэ щIэпхъаджагъэхэр хэпщIыкIыу щызыгъэмэщIа Iэмалхэм. 2017 гъэм апхуэдэ щIэпхъаджагъэу 15 ялэжьамэ, 2018-м ахэр хы, мы гъэм зэрыщIидзэрэ тIу хъуауэ аращ.**

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ НАК-м хэтхэр, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Матовников А. А., КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В., Урысей Федерацэм и субъект зыбжанэм терророрым пэщIэтынымкIэ я комиссэхэм, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я унафэщIхэр, хабзэхъумэ органхэм, IэнатIэ хэхахэм я лIыкIуэхэр.

Комитетым и зэIущIэр къыщызэIуихым, Бортников А. В. жиIащ илъэсыр къызэрихьэрэ терроризм унэтIыныгъэ зиIэ щIэпхъаджагъэ 15 къызэрызэпаудар, террористхэм я гуп 30 зэрызэтракъутар. Абыхэм хэтхэм загъэхьэзырырт цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я хэщIапIэхэм щIэпхъаджагъэхэр щалэжьыну, апхуэдэуи хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм ятеуэну.

Дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм я телъхьэхэр нэхъ жыджэру яужь ит хъуащ терроризмэм и идеологиер цIыхухэм яхэпщэным, щIалэгъуалэр хабзэншагъэхэр лэжьыным хэшэным, щэхурылажьэ гупхэр къызэгъэпэщыным.

Апхуэдэ щытыкIэ щыщыIэм деж терроризмэм зыщыхъумэным хуэгъэза лэжьыгъэм нэхъри мыхьэнэшхуэ иIэ мэхъу. А лэжьыгъэр, псом япэрауэ, щIыналъэхэм я гъэзэщIакIуэ властхэм я органхэм къызэрагъэпэщ, терророрым пэщIэтынымкIэ комиссэхэм я нэIэм щIэту.

НАК-м и унафэхэр ягъэзащIэкIэрэ, округым хыхьэ щIыналъэхэм щекIуэкI политикэ, социально-экономикэ, нэгъуэщI лэжьыгъэхэр зыхуэдэр къапщытэ, терроризмэм пэщIэтыным хуэнэтIауэ щыIэ щытыкIэм кIэлъоплъ, Ар и лъабжьэу зи чэзу Iуэхухэр зэфIагъэкI, терроризм шынагъуэ къэмыгъэхъун и лъэныкъуэкIэ.

НАК-м и УнафэщIым апхуэдэу терророрым пэщIэтынымкIэ комиссэхэмрэ гъэзэщIакIуэ властым и органхэмрэ я унафэщIхэм гу лъаригъэтащ профилактикэ Iуэхухэм, абы щынэхъыщхьэуи терроризмэм и идеологием пэщIэтыным хуэунэтIа лэжьыгъэм, адэкIи гулъытэ хэха хуащIын зэрыхуейм. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан жылагъуэм и нэгъуэщI IуэхущIапIэхэмрэ профилактикэ хуэIухуэщIэхэр егъэкIуэкIыным къыхэшэным а лэжьыгъэр нэхъри ирегъэфIакIуэ. А лэжьыгъэм дин зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэу жылагъуэм пщIэ щызиIэхэри къыхыхьэныр дин егъэлеям и идеологием земыгъэужьынымкIэ сэбэпышхуэ мэхъу.

КИФЩI-м и щIыналъэхэм терроризмэм пэщIэтыным хуэгъэза лэжьыгъэр щегъэфIэкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ хъуащ терророрым пэщIэувэным теухуауэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ Интернетымрэ зэбграгъэх Iуэху еплъыкIэхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ медиаIуэхущIапIэхэм хэIущIыIу ящIащ тхыгъэ, нэтын мин 75-м щIигъу, абы щыщщ зэрыщхьэрыуар къагурыIуэжу терроризм Iуэхум къыхэкIыжахэр зыхэт видеотеплъэгъуэу 400.

Iуэхум щытепсэлъыхьым гулъытэ хэха хуащIащ энергетикэм, транспортым, социальнэ IэнатIэм, цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, апхуэдэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм щыIэ мардэхэмрэ хабзэхэмрэ ягъэзэщIэным, ныкъуэсаныгъэ гуэрхэр наIуэ къэхъумэ, ахэр и чэзум гъэзэкIуэжынымкIэ жэуаплыныгъэшхуэ я пщэ къызэрыдэхуэр абыхэм зыхащIэн зэрыхуейм.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщамкIэ, терророрым пэщIэтынымкIэ комиссэхэм я унафэщI псоми я лэжьыгъэм и фIагъыр къызэрапщытэ пщалъэу увыпхъэр терророрым пэщIэтыным теухуауэ зэфIагъэкIхэмрэ шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIэ щIыналъэм щыIэ щытыкIэр зэрефIэкIуамрэщ.

## КIыщокъуэ Алим и фэеплъым деж

I

**Ар къалъхуат гъэмахуэ хуабэм и кум,
Июль дыгъэпсым и псэр ипсыхьат,
Дыгъэ гуащIэм епщтырэкIыу, и гур
И бгъэм илъу дунейм къытехьат.**

**Тхьэм къыIэщIилъхьати сэшхуэ-щыблэу,
И къалэмыр имыгъэулъийт.
Ди ПащIэ Бэчмырзэ ар и щIэблэт,
И шу гъусэт ЩоджэнцIыкIу Алий.**

**Къыщиужьгъэм ди щIым фашистыдзэр,
Шым зридзри, зауэм ар Iухьат.
Псалъэ плъахэр шэм щIыгъуу яхидзэу,
ХьэIуцыдзхэм я гущIыIу ихьат.**

**Ар хэтакъэ мафIи, псы зыхьыни...
Ауэ зэи иIакъым къикIуэт.
Вагъуэ жиIэм, дыгъэ къыхуихьыну
И лъэпкъ мащIэм хуиIэтырт уэрэд.**

**Iуащхьэмахуэу уафэм щIэуэу тлъагъум
Ди литературэр ещхь зыщIам,
Уафэ лъащIэм щыпхыша Шыхулъагъуэм
Адыгэ Шу гъуэгу ныбгъурищIащ!**

**Ар сымыщIэм, ар си напщIэ телъу
Сымыпсэум - адыгэр сэрмыра!
... Ситщ и пащхьэм тхакIуэм и фэеплъу
ЗыгъэбжьыфIэм нобэ зы уэрам.**

II

**Сащыщщ сэри къалэм зыIэщIэлъхэм,
Iэджэ щIауэ усэр си Iэпэгъущ.
Си хэку дахэм хуэфэщэну псалъэ
ЩыжысIэну щIылъэм си нэрыгъщ.**

**Сэ КIыщокъуэрщ сиIар гъащIэ гъуазэу:
КъысщIихуащ сыщIалэу абы ижь,
Нэхъ иужькIэ сыхуэхъуащ шу гъусэ,
Си хъуэпсапIэу схуну и лъэужь.**

**Си гъэсакIуэт ар, си ущиякIуэт,
Сыщыхуейм къэзгъуэт чэнджэщэгъуфIт.
Сытехьам гъуэгу, абы и деж сыкIуэу,
Я нэхъ махуэ уейри сэркIэ уэфIт...**

**Зызотыж сэ упщIэ зэзэмызэ,
Схуемытыну, сыпсэуху, жэуап:
Сэри сыкъалъхуакъэ-тIэ июль мазэм,
Сигури, Алим и гум хуэдэу, дэп?**

**Сыхегъаплъэ гъащIэм, сегъэгуфIэ... -
ТIум и дежи псалъэр къызобэкI.
Си гупсысэм къызидзамэщ мафIэр,
Псалъэм щыхъур си псэр кърихуэкI.**

**Сэ и пIалъэ сыт IэщIагъи сощIэ:
Iуэху щымыIэ зыхэмылъ пщIэнтIэпс.
СощIэ мыри: усэ къэзыгъэщIым
Сытым щыгъуи и псэр хэтщ мафIэс.**

**... Шы жагъын къалэмыр згъэIурыщIэу,
Зызогъэхь гугъу, дэзмыхыу махуэл.
Уэс борэныр уэрамым щохъущIэ,
Сэ си гущIэр жьэражьэу июлщ.**

БИЦУ Анатолэ,
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ.*

● Гу зылъытапхъэ

### КъБР-м и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2019 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м зэхэтынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Жэпуэгъуэм и 10,** *махуэку*

♦**Психикэ узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**ЦIыхум и судыр укIкIэ ящIэу мыдэным и европэпсо махуэщ**
♦**Нэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**1918 гъэм** Урысейм къыщащтащ пэжырытхэм и хабзэщIэхэр.
♦**1932 гъэм** ДнепроГЭС-р лажьэу яутIыпщащ.
♦**1933 гъэм** дунейм щыяпэу США-м и тыкуэнхэм къыщIалъхьащ зэрыжьыщIэ порошок.
♦**1941 гъэм** Жуков Георгий КъухьэпIэ фронтым и унафэщIу ягъэуващ.
♦**1943 гъэм** Хмельницкий Богдан и орденыр къащтащ.
♦**1963 гъэм** ядернэ Iэщэр уэгуми, хьэршими, псы щIагъми щагъэунэхуу яхуэмыдэным теухуа зэгурыIуэныгъэм къару игъуэтащ. Абы япэщIыкIэ Iэ щIадзащ СССР-м, США-м, Инджылызым, иужькIэ мазитIым къриубыдэу абыхэм къакъуэуващ къэрали 107-м я правительствэхэр.
♦**1964 гъэм** Токио къыщызэIуахащ XVIII Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Зэхьэзэхуэхэр жэпуэгъуэм и 10 - 24-хэм зэхэтащ. Ар Азие щIыналъэм щрагъэкIуэкIа япэ Олимпиадэт.
♦**1993 гъэм** НТВ урысей телеканалым махуэ къэс нэтынхэр къиту лажьэу хуежьащ.
♦**2006 гъэм** «ВКонтакте» социальнэ сетым лэжьэн щIидзащ.
♦Совет актёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Фрейндлих Брунэ** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхъан** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.
♦Франджы балеринэ цIэрыIуэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа **Черинэ (Щамырзэ) Людмилэ** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.
♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iулыдж Iустырхъан** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа **Елгъэр Кашиф** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.
♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэгъэпсо Хьэжысмел** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
♦КъБР-м и цIыхубэ артист **Куэт Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
♦Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Дэбагъуэ Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Уэрэдус, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦ТхакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Шорэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 11,** *мэрем*

♦**Хъыджэбз цIыкIухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**ЦIыхум лы лей зытрилъхьэным ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Башкортостан Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**
♦**Абхъазым IэщэкIэ зэщIэуэзэда я къарухэм я махуэщ**
♦**1138 гъэм** Алеппэ щIыр щыхъеящ. АпхуэдизкIэ лъэщу щIыр иутхыпщIати, ар цIыхухэм ялъэгъуа къэхъукъащIэ нэхъ шынагъуэ дыдэхэм хабжащ. Абы щыгъуэ цIыху мин 230-м щIигъу хэкIуэдауэ щытащ.
♦**1552 гъэм** Грозный Иван и дзэхэм Къэзан къалэр къаштащ, апхуэдэ щIыкIэкIи Къэзан хъаныгъуэр Урысейм къыхагъэхьащ.
♦**1653 гъэм** Москва унафэ къыщащтащ Украинэр Урысей пащтыхьыгъуэм къыхэгъэхьэным теухуауэ.
♦**1783 гъэм** Екатеринэ ЕтIуанэм и унафэкIэ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиер къызэрагъэпэщащ. Абы и президенту ягъэуват Дашковэ Екатеринэ.
♦**1881 гъэм** Америкэм щыщ Хьюстон Дэвид сурэттехым иралъхьэ плёнкэр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ патент иратащ.
♦**1887 гъэм** Америкэм щыщ къэхутакIуэ Эдисон Томас хэхыныгъэхэм Iэуэ щаIэтар къызэрабж, электрокъарукIэ лажьэ аппарат къигупсысащ.
♦**1931 гъэм** СССР-м къыщащтащ цIыхум езым ей сату ищIыну хуит зымыщI унафэ.
♦**1941 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэм къыдигъэкIащ республикэм и усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэрыт «Iэщэр къафщтэ» тхылъыр.
♦**1961 гъэм** Семипалатинск полигоным и щIы щIагъым япэу щагъэунэхуащ абы къыщагъэуа ядернэ бомбэм и къарур.
♦**1991 гъэм** Урысейм сомым и пщIэр долларым елъытауэ хуабжьу щехуэхащ (тхыдэм «гъубж фIыцIэ» цIэр иIэу хыхьа махуэщ).
♦Нэмыцэ щIэныгъэлI, зыплъыхьакIуэ, бзэ куэд зыщIэу щыта, адыгэхэм я псэукIэм мызэ-мытIэу тетхыхьа **Клапрот Юлиус** къызэралъхурэ илъэс 236-рэ ирокъу.
♦Полицэм и генерал-майор, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Кумыщ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
♦Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIу 2004 - 2010 гъэхэм лэжьа **ПщыхьэщIэ Iэнас** къызэралъхурэ илъэс 52-рэ ирокъу.
♦Урысей фигуристкэ, Олимп чемпионкэ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Бережная Еленэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Емыкlур екlу мэхъури, екlур емыкlу мэхъу.**



● Зэпеуэхэр

# Кусовэ Сулиетэ ягу къагъэкIыж

**Налшык щокIуэкI «Ныбжьэгъу зэхуэхъуахэр» 13-нэ Кавказ Ищхъэрэ кинофестивалыр. Мы гъэм ар фэеплъ хуащIащ абы и къызэгъэпэщакIуэ икIи и президенту щыта, культуролог, журналист Кусовэ (Выхъуэ) Сулиетэ. Фестивалыр къыщызэIуахым ягъэлъэгъуащ абы теухуа документальнэ фильмыр.**

ФОРУМЫМ и унафэщI, журналист **Багъэтыр Ильяс** зэрыжиIамкIэ, мы гъэм псори зэхэту къагъэхьа лэжьыгъэ 368-м щыщу 56-р зэпеуэм хагъэхьащ. Абыхэм ящыщу плIыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и режиссёрхэм я IэдакъэщIэкIщ. «Иджырей фестивалыр адрейхэм къащхьэщокI зытеухуахэмкIэ, къаIэт Iуэхухэмкiэ фильмхэр зэрызэмыщхьымкIэ. Фильмхэр кърашащ Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Сербием, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Эстонием, Абхъазым», - жиIаж Багъэтырым.

«Си анэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт кавказ лъэпкъхэм я нэмысыфIагъымрэ щэнхабзэмрэ нэгъуэщIхэр щыгъуазэ ищIыным. ИкIи сыщогугъ Урысейм и щIыналъэхэмрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ къикIа цIыхухэм ди лъахэр хьэщIэкIэ зэрыфIыр, абы щыпсэухэр зэрыбжьыфIэр псэкIэ зыхащIэну» -



къыхигъэщащ Сулиетэ ипхъу **Кусовэ Эланэ**.

Мы гъэм фестивалыр ирагъэкIуэкI КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я щIэгъэкъуэну. Апхуэдэу къызэгъэпэщакIуэ комитетым къыдэIэпыкъуащ Урысейм и Журналистхэмрэ Кинематографистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэр, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, Кавказым ис лъэпкъхэм я Урысейпсо конгрессыр.

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд.**

● ДифI догъэлъапIэ

# ГуащIэ хьэлэлкIэ гъэнщIа гъащIэ

**Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДААмрэ РАЕН-мрэ я академик, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Адыгэшыр хъумэнымрэ гъэбэгъуэнымкIэ» зэгухьэныгъэм и унафэщI Къагъырмэс Црай и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуащ.**

ЗООИНЖЕНЕР IэщIагъэм ехъуапсэрти, курыт еджапIэр къиуха иужькIэ, ар 1957 гъэм Тэрч мэкъумэш техникумым щIэтIысхьащ икIи, илъэси 3 дэкIри, а еджапIэр фIы дыдэу къиухащ. Иджыри студенту, Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм, Црай яхэтащ щIыщIэхэр къагъэIурыщIэну Къэзахъстаным ягъэкIуахэм. ИкIи, абы къыщигъэлъэгъуа жыджэрагъым къыпэкIуэу, ВЛКСМ-м и ЦК-м и ЩIыхь тхылъыр къратауэ щытащ. А щIыпIэ жыжьэм щыIэу, Къагъырмэсым пIалъэ гуэркIэ игъэзэщIащ «Двуреченский» совхозым и гъэш фермэм и унафэщIым и къалэнхэр.

Црай, зэрыжиIэмкIэ, IэфIу игу къинащ Тэрч мэкъумэш техникумым щигъэкIуа илъэсхэр. КъызэрыхигъэщымкIи, ноби быдэу и фIэщ мэхъу, а еджапIэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыухахэр щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ IэщIагъэлIхэм япеуэфыну зэрыщытар.

Техникум нэужьым, Къагъырмэсыр «Лэскэн» совхозым пIалъэ кIэщIкIэ щолажьэ. Тимирязевым и цIэр зэрихьэу Москва дэт мэкъумэш академием и еджапIэ хозяйствэм 1960 гъэм зоотехникыу къащтэ. ИкIи, абы зэрыIутым къыдэкIуэу, а IуэхущIапIэм и зоотехникэ факультетым щIотIысхьэ. Къагъырмэсым, лэжьэн зэрыщIидзэрэ мазиплI фIэкIа дэмыкIауэ, здэщыIэ хозяйствэм и жэмхэм гъэшу къащIэкIым хуэдитIкIэ хигъэхъуэфащ. Апхуэдэ и ехъулIэныгъэр гулъытэншэу къэнакъым: IэщIагъэлI ныбжьыщIэм «Гъэш пут» и тхыгъэр «Сельская жизнь» газетым трыригъэдза иужь, ар здэщыIэ фермэм кIуащ академикхэу а еджапIэ нэхъыщхьэм и ректор Лоза Григорий, «Щапово» еджапIэ хозяйствэм и унафэщI Мурыгин Михаил, СССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я главкым и Iэтащхьэ Красота Владимир сымэ. Ахэр хуейт фермэм къегъэщIылIа хъупIэхэм щрагъэкIуэкI щIэныгъэ къэпщытэныгъэхэр зыхуэдэр зрагъэщIэну. Црай и Iуэху зехьэкIэр илъэгъуа нэужь, Лоза Григорий жиIащ: «Мыбдежым щыдолъагъу жэмхэр хъупIэхэм зэрыщаIыгъын хуейм ехьэлIа зэдауэ псори зэхуэзышэж хэкIыпIэр».

1962 гъэм Къагъырмэсыр дзэм ираджэ. Абы къулыкъу зэрыщищIа илъэсищым кърикубыдэу, полкым и комсомол комитетым и секретару ар мэлажьэ.

Еджагъэшхуэм игу къегъэкIыж Байкал-Амур гъущI гъуэгур зыухуахэм 1965 гъэм жыджэру зэрахэтари. Абдежым Къагъырмэсым зэфIэкIышхуэ къызэрыщигъэлъэгъуам щыхьэт тохъуэ «1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 20 ирокъу» медалыр, апхуэдэуи, ВЛКСМ-м и Горьковскэ обкомымрэ Дзержинск къалэ комитетымрэ я щIыхь тхылъхэр абы къызэрыхуагъэфащар.

Абы иужькIэ, Црай Тимирязевым и цIэр зезыхьэ мэкъумэш академием егъэзэж икIи а еджапIэ нэхъыщхьэм и комсомол комитетым и секретару хах.

ЕджапIэр фIы дыдэу къиуха иужь, Къагъырмэсыр аспирантурэм къагъанэ. ИкIи и кандидат диссертацэр абдежым



Къагъырмэс Црай

1971 гъэм щыпхегъэкI.

Тхыгъэ кIэщIым дэ къыщытхуэгъэлъагъуэркъым а зэманым а щIалэ гурыхуэм икIи гуащIафIэм игъэхъа псори: мазитIкIэ Чехословакием лэжьыгъэ IуэхукIэ зэрыщыIари, Урысейм и щIыналъэ куэдым, КъБР-ри абыхэм яхэту, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным теухуа лекцэхэм къызэрыщеджари, нэгъуэщIхэри.

И кандидат диссертацэр пхигъэкIа иужь, ректор Шатилов Иванрэ факультетым и декан Георгиевский Валерийрэ Къагъырмэсым къыхуагъэлъэгъуат академием къыIунэну, абы къыдэкIуэуи, зыщыпсэуни кърагтыну. АрщхьэкIэ, Црай производствэм щылажьэмэ нэхъ къищтэрти, щалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым 1971 гъэм къигъэзэжащ. IэщIагъэлI ныбжьыщIэр ягъэуващ Дзэлыкъуэ щIыналъэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и управленэм и зоотехник нэхъыщхьэу - унафэщIым и къуэдзэу. ЖыпIэ хъунущ, Црай зригъэгъуэта щIэныгъэ куур ар а лъэхъэнэм здагъэкIуа IэнатIэ псоми егугъуу къыщигъэсэбэпауэ.

1974 гъэм Къагъырмэсым КъБР-м и Совхозхэм я зэгухьэныгъэм и зоотехник нэхъыщхьэ къулыкъур къыхуагъэфэщащ. А IуэхущIапIэр зэхуащIыжа иужь, ар лэжьащ Налшык шыгъэжапIэм и Iэтащхьэу. Адыгэшхэм я зэфIэкIыр къэпщытэным теухуауэ Црай къигупсыса бгъэдыхьэкIэщIэхэм Iэмал къатащ абыхэм союзпсо зэхьэзэхуэхэм пашэныгъэ зыбжанэрэ къыщахьыну. Апхуэдэ и ехъулIэныгъэхэм къапэкIуэу, Къагъырмэсым 1976, 1977, 1978 гъэхэм кърагащ СССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр.

1979 гъэм Црай ирагъэблагъэ РСФСР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, УФ-м Шы гъэхъунымрэ шы заводхэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэу.

1980 гъэм Къагъырмэсым щалъхуа и щIыналъэм къегъэзэж. ИкIи, абдежым къыщегъэжьауэ 2001 гъэм и фокIадэр къэсыху, Къэбэрдей-Балъкъэр Iэщ лъэпкъыфI къэрал зэгухьэныгъэм и унафэщIу мэлажьэ.

1999 гъэм Урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым еджагъэшхуэм щыпхегъэкI Iэщ лъэпкъыфIхэр къэгъэхъуным теухуа и доктор диссертацэр. Црай 2000 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым КъБР-м Iэщ лъэпкъыфIхэр къэгъэхъунымкIэ и къэрал инспекторщ.

Хуабжьу лэжьыгъэшхуэщ икIи, уеблэмэ, гъунапкъэншэу жыпIэ хъунущ нобэ зи илъэс 80-р дгъэлъапIэ ди нэхъыжьыфIым зэфIигъэкIахэр. Псом хуэмыдэжу, адыгэш лъэпкъым зегъэужьыным, абы и цIэр къэIэтыным теухуауэ. Ахэр апхуэдизу телъыджэщи, дэ ди мурадщ щIэныгъэлI цIэрыIуэм, щхьэх зымыщIэ IэщIагъэлI нэсым а унэтIыныгъэм ехьэлIа и лэжьыгъэхэм дыщыхэплъэж тхыгъэхэр дяпэкIи ди газетым щхьэхуэу къытеддзэну.

Ди нэхъыжьыфIым дохъуэхъу лъэпкъми къэралми къахуэщхьэпэн къэхутэныгъэхэмкIэ дигъэгуфIэу дяпэкIи илъэс куэд къигъэщIэну!

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Дэ къытхуатх

# ХъуэпсапIэхэр нахуапIэ мэхъу

**Шордакъ къуажэм щыщ адыгэ унагъуэм щалъхуа Дуархэ Хьэсэнбийрэ Галинэрэ япхъу ФатIимэ зэрысабийрэ щIэхъуэпсырт егъэджакIуэ хъуну. Апхуэдэ гуращэм и лъабжьэт пщащэ цIыкIум егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм епха IэщIагъэхэм гу хуищIауэ зэрыщытыр. ЩыцIыкIум иIа хъуэпсапIэхэр нахуапIэ ещIыф иджы ФатIимэ.**

ФАТIИМЭ 1981 гъэм Шордакъ къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт еджапIэм фIы дыдэу щеджа нэужь, ар КъБКъУ-м и педколледжым щIэтIысхьащ, ехъулIэныгъэкIи 2001 гъэм къиухащ. Абдеж къыщыувыIакъым ар, атIэ, зэрылажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м ПэщIэдзэ егъэджэныгъэм и педагогикэмрэ методикэмкIэ (ПМНО) и факультетым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ. КъБКъУ-м и библиотекэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ ФатIимэ. ЛэжьакIуэ жыджэрыр мызэ-мытIэу хэтащ Томск, Санкт-Петербург, Кърым, Москва къалэхэм илъэс зэхуэмыдэхэм щекIуэкIа щIэныгъэ-практикэ конференцхэм. ИужькIэ щылэжьащ «НыбжьыщIэхэм щIэныгъэ-техникэ творчествэмкIэ я республикэ центр» IуэхущIапIэм. Мы зэманым ар щолажьэ Налшык къалэм дэт курыт школ №8-м, сабийхэр зэпеуэ, олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтынымкIэ Iуэхугъуэхэр къызэригъэпэщу, кадрхэмкIэ къудамэм и пашэу.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм зэрыхуэкIуам тепсэлъыхьыжу, ФатIимэ игу къегъэкIыж гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуахэр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Шордакъ дэт курыт школым егъэджакIуэу щиIахэу Дуар Верэ, Есэнкъул Жаннэ, Джыбыл Иринэ, Щэрдан Ритэ, Мысырджэн Альмэ, школым и унафэщIу щыта Теувэж Ахьмэд сымэ. Псалъэ гуапэ абы хужеIэ иджыпсту здэщыIэ IуэхущIапIэм и унафэщIхэми къыдэлажьэхэми.

- Ди еджапIэр сыт и лъэныкъуэкIи хъарзынэу къызэгъэпэщащ. Абы и унафэщI Ольмезовэ Зайнаф зэман кIэщIым кърииубыдэу хуэзэфIэкIащ техникэ пэрытхэмкIэ ар зэщIиузэдэн, - жеIэ ФатIимэ. - Ди деж щоджэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ сабийхэр. Абыхэм гурэ псэкIэ ядолажьэ ди егъэджакIуэфIхэри. ХъуэпсапIэхэр нахуапIэ щыпщIыф IуэхущIапIэщ ар. СфIэфIу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къызату, сабийхэм сэри садолажьэ.

**ПЩЫХЬЭЩIЭ Хьэмзэт.**

# Инарыкъуей къуажэм и тхыдэр

● Пшыхьхэр

**Тэрч щIыналъэм хыхьэ Инарыкъуей къуажэм иджыблагъэ щызэхэтащ «История аула Инарокова» фIэщыгъэм щIэту ДыщэкI Хъызыр и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъым и лъэтеувэ пшыхь.**






«ПРИНТ-ЦЕНТР» типографием ДыщэкIым къыщыдигъэкIа тхылъ Iувым тегъэщIапIэ хуищIар Къэбэрдей-Балъкъэрым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Куржым щыIэ архив IуэхущIапIэхэм илъэсиплIым щIигъукIэ щызэхуихьэса тхыдэ дэфтэрхэрщ.

Абыхэм къаэзрыхэщыжымкIэ, иджыри илъэс 300 ипэкIэ Инарыкъуейм и хъыбар яIуатэрт. ЗекIуэлI, къэхутакIуэ, геодезист Чичагов Сергей 1744 гъэм Сунжэ и Iуфэм Iус джылахъстэней къуажэхэр щитхым, Инарыкъуейри нэхъ ипщэкIэ щыпсэууэ къигъэлъэгъуат. Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм Глазенапрэ Булгаковымрэ я дзэхэр къащебгъэрыкIуэм, а щIыпIэм къиIэпхъукIри, Инарыкъуейр Курп и Iуфэ IутIысхьауэ щытащ.

IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, Инарокъуэм и къуажэр здигъэтIысын къилъыхъуэу, иджы Александровкэ къуажэ цIыкIур здэщысымкIэ кIуэн мурад иIэу, инарыкъуейхэр иджыпсту щыпсэу щIыпIэм жэщыр щрихыну къызэтеувыIат. Ар зэхэзыхьа Ислъамым лIыкIуэ къахуигъэкIуащ, и щIыпIэм икIэщIыпIэкIэ икIыну унафэ къахуищIу. Инарокъуэр абы игъэгубжьщ, баш къищтэщ, щIым хитIэри: «Уэ улIщ, сэ мы щIыпIэм сибгъэкIмэ!» - жиIэри апхуэдэ щIыкIэкIэ абдежым къинауэ щытащ.

А хъыбарым шэч къыщIытепхьэн щхьэусыгъуэ куэд щыIэщ. Ауэ хьэкъщ Инарыкъуей къуажэр мы щIыпIэм къызэрытIысрэ илъэс 200-м зэрыщIигъуар. Ар къэхутэнымкIэ сэбэп хъуахэм ящыщщ жылэм къыдэна пасэрей сыныжьхэри. Абыхэм хьэрыпыбзэкIэ теттхэр Хъызыр зэридзэкIри, Iуэхум къыхилъытащ.

Тхылъым и пэщIэдзэм авторым щыжеIэ езым и къэхутэныгъэм нэхъ пэж щымыIэу, фIэкIыпIэншэу къызэримылъытэр. Псоми дощIэ тхыдэр кхъахэ хъуа лъэмыж дзыхьщIыгъуейм зэрещхьыр, лъэмыжым урикIуэн папщIэ, узытеувэну Iыхьэхэр зэфIэбгъэувэжын хуейщ. Зэманым дэщэщэжа, хэкIуэдыкIа Iуэхугъуэхэр зэхуэпхьэсыжыну икъукIэ хьэлъэщ.

Хъызыр щхьэхуэу и гугъу ещI уэркъ щIалэ Инарокъуэ Шумахуэ. Ар хуабжьу яхуэгумащIэт и къуажэгъухэм. НэхъыжьхэмкъаIуэтэжауэ абы и хъыбар куэд щыIэщ. А щIалэр жэщым ежьэрти, къуажэр къызэхикIухьырт, хуэмыщIа, зыхуей хуэмызэ унагъуэ, цIыху къилъыхъуэу. Ар къэгубжьауэ зыми илъэгъуакъым, мыарэзыуэ зыми закъригъэщIакъым. Шхын шыугъэ хутрагъэувэмэ, «Сыту шхыныфI, псы куэду сригъэфэнщ», - жиIэрт. Мышыумэ, «Шхын телъыджэщ, сызэрыхуейуэ шыгъу хэздзэжынщ», - къажриIэрт, пщэфIахэм ящытхъурти, и Iуэху пэрыхьэжырт. Сабийхэр фIыуэ илъагъурт, ахэр зэригъэгушхуэным хущIэкъу зэпытт. 1916 гъэм Инарокъуэр дунейм ехыжащ. Насып иIэти, абы илъэгъуакъым революцэм и ужькIэ къэхъуа зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр, и бынхэм лей кIэлъызэрахьэу Хэкур ирагъэбгынауэ зэрыщытар.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Инарокъуэхэ я унагъуэ зыбжанэщ къуажэм къыдэнар, ауэ а лъэпкъ лъэрызехьэм и цIэр тхыдэм фIыкIэ къыхэнащ.

«Инарыкъуей дэс унагъуэцIэхэр», «ЛIакъуэхэмрэ абыхэм яку къыдэхъуа зэдауэхэмрэ», «Инарыкъуейдэсхэр Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар», «1886 гъэм къуажэм дэсахэм я цIэ, унэцIэр», «Инарыкъуей къуажэ мы махуэхэм и псэукIэр»... Iыхьэ пщыкIутхукIэ зэпыудауэ гъэщIэгъуэну къыщыгъэлъэгъуащ тхылъым къуажэр.

Инарыкъуей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щызэхаша пшыхьыр хэкум, адэжь къуажэм теухуа усэкIэ къызэIуаха иужькIэ, ДыщэкI Хъызыр и гъащIэ гъуэгуанэм къызэхуэсахэр кIэщIу щыгъуазэ ящIащ.

ЗэIущIэм къахуеблэгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым и лэжьакIуэ **Мэрзей Аслъэнбэч**, Тэрч щIыналъэм ит библиотекэхэм я унафэщI **Хьэгуарэ Мадинэ**, Инарыкъуей къуажэм и администрацэм и унафэщI **КIуащ Владимир**, къуажэдэс нэхъыжьыфIхэр, школакIуэхэр, жылэм и тхыдэр зыфIэхьэлэмэт щIалэгъуалэр, нэгъуэщIхэри.

«БлэкIар зымыщIэм къэкIуэни иIэкъым», - жаIэ адыгэхэм. Шэч хэмылъу, я блэкIам, адэжьхэм я хъыбарым, тхыдэм и джэрпэджэжым, япэ итахэм я къекIуэкIыкIам зэхуишэсат пшыхьым кърихьэлIахэр.

Тхылъым къежьапIэ хуэхъуам, Инарыкъуей и тхыдэр къиихутэну тезыгъэгушхуам, япэ лъэбакъуэхэр ичынымкIэ сэбэп къыхуэхъуахэм, къуажэм къикIуа гъуэгуанэм теухуа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэм кIэщIу яхутепсэлъыхьащ Хъызыр къызэхуэсахэм. Апхуэдэуи Инарыкъуей мафIэсри, къуажэм дэс лъэпкъ нэхъыжьхэм я тхыдэри, лъэпкъ дамыгъэхэри гулъытэншэ ищIакъым.

Тхыдэдж Мэрзей Аслъэнбэч къыщыпсалъэм жиIащ тхыдэм уелэжьыныр Iуэху гугъуу зэрыщытыр, ауэ ар ДыщэкIым къехъулIауэ къэплъытэ зэрыхъунур. Аслъэнбэч къуажэ библиотекэм тыгъэ хуищIащ тхыдэм теухуа тхылъ зыбжанэ.

Хъызыр япэ лъэбакъуэхэм тезыгъэгушхуа нэхъыжьыфI Хьэткъут Хьэутий жиIащ ДыщэкIым и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыригъэжьэ лъандэрэ и гуапэу зэрыкIэлъыплъыр. Тхылъыр дунейм къытехьэным хуэпIащIэу зэрыпэплъари дыщIигъужащ.

Абы и псалъэхэм пищащ нэхъыжьыфI, къуажэм дэт курыт еджапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ Джэрмэшык Хьэжмурат. Ар тепсэлъыхьащ къуажэм къикIуа гъуэгуанэм икIи къыхигъэщащ я тхыдэм, щхьэж къызыхэкIа лъэпкъым теухуауэ нэхъ куууэ зыщызыгъэгъуэзэну хуей дэтхэнэми ДыщэкIым и IэдакъэщIэкIыр сэбэп хуэхъуну къызэрилъытэр.

Тхылъыр къыдэзыгъэкIам гуапэу ехъуэхъуащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ КIуащ Владимир, къуажэдэс нэхъыжьыфIхэу ДыщэкI Хьэмыщэ, Шогуэ Валерэ, Пщыншэ Хъызыр, Хьэгуарэ Мадинэ, Хъызыр и япэ егъэджакIуэ Къарей Людмилэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр, шэч хэмылъу, щыгуфIыкIырт жылэм и тхыдэ пэжыр къэзыгъэлъагъуэ тхылъ яIэ зэрыхъуам, я адэжьхэм я псэукIам лъэIэсыну Iэмал зэраIэм. ГуфIэгъуэ тIуащIэ абыхэм къаритырт, гууз-лыуз иIэу, лъэпкъым и блэкIам игъэгузавэу ар къызэщIэзыкъуэжыфа щIалэ я къуажэ къызэрыдэкIам.

Анэдэлъхубзэм, хэкум, лъахэм ятеухуауэ пшыхьым усэ къыщеджащ Инарыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэу: Юлдашевхэ Саёррэ Миленэрэ, Умархэ Аланрэ Астемыррэ, Хьэткъут Камилэ, Шэрий Дисанэ, ХьэтIэхъухэ Рэхьимрэ Имранрэ. ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьакIуэ Абазэ Дианэ игъэзэщIащ езым и уэрэдхэр.

А махуэм къуажэр дахэу зэрызэхэплъам и мызакъуэу, къахуэщхьэпэн, щIэщыгъуэ ящыхъун куэд зэрызэхахар шэч къызытумыхьэжынщ.

Ди япэ ищахэм я сыным дыкIэлъыплъыну, кхъащхьэр зетхьэну дызэрикъалэным хуэдэу, тхыдэр хъумэныр, щIэныр, абы гулъытэ хуэщIыныр цIыхум гъащIэм щиIэ къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ - аращ лъэхъэнэхэр зэпызыщIэр. Адэм и цIэм къуэр зэригъэлъапIэм хуэдэу, цIыху къэс щIыбагъ быдэу иIэщ лъэпкъ тхыдэр. Адыгэм и блэкIам щIыфэр щыдэтхытх напэкIуэцIхэр иIэми, ар лIыхъужьыгъэкIэ, цIыхугъэкIэ, хахуагъкIэ, псэ къэбзагъкIэ псыхьащи, а тхыдэм пызыщэнухэр абыхэм яхуэфэщэн щIэблэ хъуну дыщогугъ. А Iуэхум къыхуэщхьэпэнущ ДыщэкI Хъызыр и тхылъыр. Ар зи Iэдакъэ къыщIэкIари, зытеухуа къуажэри ефIэкIуэну, блэкIам ефIэкI пщэдей яIэну ди гуапэщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

**Урысейм и ХъумапIэ банкым езым зэхигъэкIащ я клиентхэм я кредит картэхэм иратхахэр зэрадыгъуа щIыкIэр.**

● Банк Iуэхухэр

# Къыхуагъэгъуну йолъэIу

БАНКЫМ шынагъуэншагъэмкIэ и къулыкъум хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэщIыгъуу мы гъэм жэпуэгъуэм и 4-м къыщIигъэщащ и бизнес къудамэхэм ящыщ зым и секторым и унафэщIым, 1991 гъэм къалъхуам икIи и лэжьыгъэр щигъэзащIэкIэ хъыбархэм я базэм хыхьэну Iэмал зиIам, клиентхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр и фейдэ хэлъу зыIэригъэхьэну зэрыхэтар.

ЩIэпхъаджагъэм ехьэлIа псори зэхуахьэсри, дэфтэркIэ щIагъэбыдэжащ. Ар зылэжьам жэпуэгъуэм и 6-м зиумысыжащ икIи иджыпсту хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм яIыгъщ. Клиентхэм я хъыбархэр (нэхъ пасэу лей зытехьа банкым и клиент 200-м яйм къиищынэмыщIа) хэIущIыIу хъунымкIэ шынагъуэ щыIэкъым.

Банкым и клиентхэм я мылъкур хъумэнри сыт щыгъуи зэрышынагъуэншэщ.

«Си щхьэми ХъумапIэ банкым щылажьэ псоми къабгъэдэкIыу ди клиент 200-ми, гузэвэгъуэ зытедгъэлъа адрей псоми къытхуагъэгъуну иджыри зэ солъэIу. Дэ къэхъуам дерс щхьэпэхэр къыхэтхащ икIи ди лэжьакIуэхэм клиентхэм ятеухуа хъыбархэр яIэрыхьэныр нэхъ ткIий тщIащ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ ди клиент псоми я фIэщ дыхъуу я дзыхь къызэрыдагъэзым папщIэ. КъищынэмыщIауэ, банкым шынагъуэншагъэмкIэ и къулыкъум, ди жьауэм щIэт «Бизон» IуэхущIапIэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм щытхъу яхуэфащэщ зэгъэуIуауэ икIи IэкIуэлъакIуэу зэдэлажьэу, сыхьэт бжыгъэм кърииубыдэу, щIэпхъаджащIэр къызэрахутам папщIэ», - жиIащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и правленэм и унафэщI, президент Греф Герман.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Урысейпсо театр марафоным и дамыгъэр зэIэпах

● Гъуазджэ

**Музыкэ театрым щекIуэкIащ Урысейпсо театр марафоным и дамыгъэр зэIэпыхыным теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэр.**

IУЭХУЩIАПIЭМ и пэIущIэ пэшым къыщызэрагъэпэщащ театр гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэ. Дэтхэнэ зы гупми къыбгъэдэкIыу утыку кърахьащ фэилъхьэгъуэхэр, дамыгъэ лъапIэхэр, хъыбарегъащIэхэр, нэгъуэщIхэри. Театрым и илъэсым хыхьэу, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм Драмэмрэ гушыIэмкIэ и урыс театрым зэхыхьэ гуапэм кърихьэлIахэм я пащхьэм щигъэлъэгъуащ Горький Максим и «Васса Железнова» тхыгъэм къытращIыкIа трагедиер. Театрым и унафэщIыр Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Биджиев Хьэсэнщ.

Урысейпсо театр марафоным и дамыгъэр зэIэпыхыным теухуа зэхыхьэр Налшык и ужькIэ Ставрополь щрагъэкIуэкIынущ. Музыкэ театрым и артистхэм абы щагъэлъэгъуэнущ Гъуэт Аслъэн и макъамэр зыщIэлъ «Гимн восходящему солнцу» иджырей балетыр, Филатов Леонид и «Про Федота-стрельца, удалого молодца» макъамэ теплъэгъуэр, Гаджибеков Узеир и «Аршин мал алан» опереттэр.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**



# Дунейпсо литературэм и классик Хьэткъуэ Умар 135

## Зы гукъеуэ закъуэ



**Иджырей тырку литературэм и новеллэ жанрым и лъабжьэр зыгъэтIылъа Хьэткъуэ Умар - Омер СейфеддинкIэ зэджэжым - дунейпсо литературэми увыпIэ хэха щеубыд.**

АБЫ И ТХЫЛЪХЭР къэрал куэдым къыщыдэкIащ. УрысыбзэкIэ зэрадзэкIауэ Умар и новеллэхэр тIощI гъэхэм и кIэм къыщыщIэдзауэ урыс журналхэм къытохуэ, и тхыгъэ къыхэхахэр тхылъ щхьэхуэу 1957, 1975, 1987 гъэхэм Мэзкуурэ Ленинградрэ къыщыдэкIащ. Тхылъищми ит новеллэхэр, повестхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ Печенев Игорь, Яковлевэ Нелли, Кормушин Иван сымэ. «Омер Сейфеддин пщIэшхуэ иIэщ иджырей тырку литературэбзэр убзыхуа зэрыхъуамкIэ, - жеIэ Печеневым. - Япэ итхэми, езым и зэманым псэуа тхакIуэхэми ар къащхьэщокI и бзэр нэхъ къызэрыгуэкIыу, цIыхубэр зэрыпсалъэм нэхъ пэгъунэгъуу зэрыщытымкIэ.

Хьэткъуэм и тхыгъэхэр хуэхейщ хьэрып, къэжэр псалъэхэу тырку литературэбзэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ зэIызыгъэхьэхэм».

Хэт хъуну-тIэ зи гугъу тщIы адыгэ щIалэр? Хьэткъуэ Умар и адэ Сэфудинт истамбылакIуэ ежьар. Тыркум нэса нэужь, ар зы щIыпIэм икIрэ адрейм Iэпхъуэу куэдрэ екIуэкIащ. ИкIэм-икIэжым Мрамор тенджызым и Iуфэм пэмыжыжьэ Гёнен жылагъуэм дотIысхьэ. 1884 гъэм абы къыщалъхуащ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуну щIалэр.

Хьэткъуэм литературэм и гъащIэр пищIэну и пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым. И ныбжьыр илъэс пщыкIутI фIэкIа мыхъуауэ, Умар Эдерне къалэм дэт дзэзешэ еджапIэм щIотIысхьэ. Ар къеухри, Истамбыл макIуэ, и щIэныгъэм хигъэхъуэн мурад иIэу. ИкIи абы «Мектебе Хьэрбийе» еджапIэ нэхъыщхьэр къыщеухри, илъэс зыбжанэкIэ дзэм къулыкъу щещIэ.

1908 гъэм екIуэкIа революцэм и ужькIэ Тыркум куэду къыщыдагъэкIыу щIадзэ сатирэ, гушыIэ журналхэр. Абыхэм къытрадзэ усэхэр, хъыбархэр икъукIэ къащхьэщыкIырт япэрей классикэ сатирэм и щапхъэхэм. Тхыгъэхэм я нэхъыбэр пэджэжырт зэманым къигъэув къалэнхэм, литературэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм я зэныкъуэкъум. Абыхэм яхэтт пародиехэр, эпиграммэхэр. А зэманым щыIа тырку сатирэм и гугъу щащIкIэ, япэу зи цIэ жаIэр Хьэткъуэ Умарт. Абы и тхыгъэ гъэпсыкIэм и лъабжьэщ псэ щабагъэр, гу пцIанагъэр, Iущыгъэ зыхэлъ акъыл гъэтIысакIэ къэIуэта гупсысэхэр, апхуэдэуи хъуэр, гушыIэ шэрыуэхэр.

Гу щабагъэкIэ псыхьа усыгъэ закъуэтIакъуэхэм къадэкIуэу, Хьэткъуэм итхырт пхъашэу, дыджу гум ежалIэ ауанхэмкIэ гъэнщIа новеллэхэри.

Умар и ныбжьэгъу тхакIуэхэу Джэс Алъпрэ Жаныпэ Алийрэ щIыгъуу «Гёнч къалэмлер» журналыр къыдигъэкIыу щIедзэ.

1912 гъэм Хьэткъуэр аргуэру дзэм хохьэж, ауэ Балкан зауэм ар зэрыхэтар мащIэ дыдэрэщ. Гъэр ящIри, Алыджым (Грецием) мазипщIкIэ лъэхъуэщым щрагъэс, абы къызэрикIыжу, Истамбыл егъэзэж икIи етIуанэу дзэм къыхокIыж, зэи тримыгъэзэжыну мурад быдэ ищIауэ. 1914 гъэм къыщыщIэдзауэ дунейм щехыжыну 1920 гъэм нэсыху, абы Тырку щыхьэрым дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зым литературэр щрегъэдж.

Хьэткъуэм илъэс щэщIрэ хырэщ къигъэщIар. Абы щыщу тхэным къылъысар илъэсий къудейщ. А зэман мащIэр дамэр уэзыгъэшэщI, дэрэжэгъуэ къозыт лэжьыгъэ куукIэ игъэнщIыфащ Умар. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ новелли 150-м щIигъу, повесть зыбжанэ, зы пьесэ, и кIэм нимыгъэсауэ романитI. Хьэткъуэм къытрыригъэдзащ литературэр зыубзыху, бзэм теухуа лэжьыгъэ куэд. Тхыгъэ зыбжанэ тыркубзэкIэ зэридзэкIащ, Гомер и «Одиссеери» хэту.

Адыгэ щIалэм и тхэкIэм дэплъей, ар зи егъэджакIуэу къэзылъытэ тхакIуэ цIэрыIуэ куэд щыIэщ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум. Хьэткъуэм и новеллэхэм, памфлетхэм тырку жылагъуэм и зэхэтыкIэр нэсу къыщигъэлъэгъуащ. Хэбгъэзыхьмэ, къэралым щыIэ ухуэкIэр, тыркухэм я хьэл-щэныр, я псэукIэр щIэнэкIалъэ зэрищIым къыхэкIыу, тхакIуэр ягъэкъуаншэрт, «угущIэгъуншэщ, псоми уащодыхьэшх» жаIэу. Хьэткъуэм и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм ящыщщ «Телъыджэ», «Азэн джэ макъ», «Iулъхьэ», «Лэгъупыкъу», «МафIэдз», «Аргъуей», «Адакъэ», «Делэ», «Динсыз» новеллэхэр, «Эфруз-бей», «Хьэрэм» повестхэр.

Тхыгъэ зыбжанэ абы триухуащ езым и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, и лъэпкъэгъухэм. Апхуэдэщ «ШытхъунщI», «Япэ мыхъумыщIагъэ», «ПIыртIыкъыш», «Зэшхэр», «Фыгъуэнэд», «Бгырыпх» новеллэхэр. Абыхэм Умар щетх и адэанэм, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и къуэш нэхъыжьым, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым папщIэ псалъэ гуапэ, гурыгъу-гурылъ дахэ куэд.

Хьэткъуэм и IэдакъэщIэкIхэм увыпIэшхуэ щеубыд адыгэ таурыхъхэм хэт Iэмалшы КъуийцIыкIу, егъэлеяуэ пцIыупс барон Мюнхгаузен сымэ уигу къэзыгъэкI Эфруз-бей щхьэщытхъум. Абы и IуэхущIафэхэм ятеухуа повестым авторым ауан щещI 1908 гъэм екIуэкIа революцэм и зэманым щыIа пщы-уэркъ интеллигенцэр, зи щэнхабзэр зэзымыпэсыж Iужажэхэр, напитIхэр, акъмыкъ фэрыщIхэр.

Япэ дунейпсо зауэм щыгъуэ Хьэткъуэр тэмэму бгъэдыхьащ политикэ Iуэху щытыкIэм. ГушыIэ жанкIэ ар щыдыхьэшхащ пантюркистхэм я мурадхэм икIи «Хуитыныгъэм и жэщ» новеллэм зэрыпхъуакIуэ зауэр гум тебгъахуэ зэрымыхъунур къыщигъэлъэгъуащ.

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа тырку тхакIуэшхуэ Хьэткъуэ Умар и гъащIэр щхьэузыхь хуищIащ зыщыпсэу къэралым ис лъэпкъ псори нэхугъэм, щIэныгъэм къыхуэгъэушыным.

Абы и пщIэр ноби игъащIэкIи мыкIуэдыжынщ. Дунейм щехыжым зы гукъеуэ закъуэщ иIар: и адэжь хэку и IэфIагъ зэрызыхимыщIарщ, абы хуэпсэуну, хуэлэжьэну Iэмал зэримыIарщ.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

## Зэи ящыгъупщэнукъым

**2014 гъэм Тыркум щыдгъэкIуа махуэхэм ящыщ зыр зытедухуар, ди гупым и пашэ, КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, тхакIуэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд ищIа унафэм тету, тырку литературэм и новеллэ жанрым и лъабжьэр зыгъэтIылъа, зи IэдакъэщIэкIхэм дунейпсо литературэм увыпIэшхуэ щиубыд тхакIуэ цIэрыIуэ, адыгэ лъэпкъым къыхэкIа Сейфеддин Омер (Хьэткъуэ Умар) къыщалъхуа щIыпIэмрэ Гёнен къалэ дэт и фэеплъымрэ зэдгъэлъагъунырт.**



Хьэткъуэ Умар и фэеплъым деж.

ИСТАМБЫЛ брам (паром) абрагъуэм дыщитIысхьэри, Мрамор хым сыхьэтитIым щIигъукIэ дызэпрысыкIащ. ЦIыху 800-рэ машинищэм щIигъунрэ къызэщIикъуэу псыщхьэм теува кхъухьым техникэ и лъэныкъуэкIэ и лъэщагъым уемыгупсысынкIэ Iэмал иIэкъым, брамым ущискIэ. Хы щхьэфэр зэгуипхърэ лъэужь къэукъубеяр къигъанэу кIуэцIрыкI паромым ис цIыхухэр зэшыркъым, балигъхэр тхылъ йоджэ, щхьэгъубжэм доплъ, мэуэршэр, сабийхэр щыджэгун плIанэпэ хэха яIэщи, я унэ щIэсыж хуэдэщ - мэкъакъэ-мэпщIыпщI. ШхапIэр щхьэхуэщ, тыкуэн хэтщ, кIэщIу жыпIэмэ, сыхьэтищым нэблагъэр щыбгъэкIуэныр гугъукъым икIи зэшыгъуэкъым.

Брамыр Бандырма кхъухь тедзапIэм есылIэри, щхьэж и машинэ исыжу щIым къытелъэдэжащ я Iуэху здэщыIэм кIуэну. Дэ километр 44-кIэ Бандырма пэIэщIэ Гёнен къалэ дыкIуащ. Абы къыщытIущIащ а къалэм щылажьэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ГъущI Гюролрэ (убыхщ) абы и къуэдзэ Аслъэн Гъазмирэ (къэбэрдейщ). Хасэм драгъэблагъэри я Iуэху зыIут, я зэхыхьэкIэ-зэхэтыкIэм дыщагъэгъуэзащ. Тхьэмадэр щылажьэ, цIыхухэр щызэхэс, шей щефэ пэшхэр къэтплъыхьащ, адыгэм и тхыдэр къызэрыщ сурэтхэр, картэхэр блынхэм фIэдзати, зэдгъэлъэгъуащ, Хасэм и тхьэмадэу щытахэм я сурэтхэр фIэлъти, абыхэм я цIэри зэдгъэщIащ.

- Унагъуэ щитI хуэдиз дэсщ Гёнен, къуажэ 15 къепхащ, - къыддогуашэ Аслъэн Гъазми. - Абыхэм нэхъыбэу абазэхэхэр, шапсыгъхэр, убыххэр щопсэу. Сэ схуэдэу нэхъ жыжьэ къикIауэ, къэбэрдей унагъуэ зытхух дэсу аращ. Сэ сыкъыщыхъуар Къайсэрщ, мыбы сыкъэIэпхъуауэ илъэс 20-м щIигъуауэ сыщопсэу, сыщолажьэ.

Гупыж зиIэ псори мы Хасэм къыщызэхуосри, я бзэр зэрагъащIэ, сабийхэр лъэпкъ къафэм щыхуагъасэ. ЦIыху нэхъыбэ къыщекIуалIэр щэбэт, тхьэмахуэхэрщ, адрейхэм мэлажьэри, щIалэгъуалэ куэд ущрихьэлIэнукъым. Ауэ зи ныбжь хэкIуэтахэр сыт щыгъуи къыщIыхьэу, щызэдэуэршэру, нэхъыщхьэращи, я анэдэлъхубзэкIэ щызэпсалъэу апхуэдэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, илъэс 40-м нэмысахэм бзэр фIыуэ ящIэжыркъым, ауэ адыгэбзэр зэзыгъэщIэжыну хуейщ щIалэгъуалэ куэд щыIэщи, егъэджакIуэхэр ядолажьэ.

Кирилл алыфбейращ ныбжьыщIэхэр зэредгъаджэр. А иджы къежьа псалъэмакъым дэри дегъэщхьэжагъуэ. Латин алыфбейм техьэну жызыIэхэр лъэпкъым и епцIыжакIуэу къызолъытэ сэ. Пэжщ, Адыгэ Хасэм къекIуалIэ цIыкIухэм къохьэлъэкI, ауэ хуейм зригъэщIэнущ. Хьэрфыпкъ зэмыщхь Iэджэм тет бзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрагъащIэ цIыхухэм. Дэ адэжь хэкум къикIыу къытIэрыхьэ адыгэбзэ тхылъхэр псори зэрытхар кириллщ. Сэ сызэреплъымкIэ, дэнэ къэрали щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэр кириллкIэ яджын хуейщ.

Гюролрэ Гъазмирэ ди зэманыр тхузэрагъэзахуэу дыщIэкIуа псори зэрытхузэфIагъэкIыным егугъуащ. Хасэм щедгъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэм къыкIэлъыкIуэу бысымхэм дашащ Сейфеддин Омер и фэеплъым деж. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар зэрыт утыкуми, абы бгъурыкI бульвармы ди лъэпкъэгъу тхакIуэ телъыджэм и цIэр зэрахьэ.

ХьэфIыцIэ Мухьэмэдщ хэкурысхэм Хьэткъуэр дэзыгъэцIыхужар. Сейфеддин Омер и новеллэхэр адыгэбзэм дахэу иригъэзэгъащ тхакIуэ Къэрмокъуэ Хьэмид. ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ бысым щIалэхэмрэ Хьэткъуэм и фэеплъым удз гъэгъа Iэрамэ тралъхьащ.

АдэкIэ дэ дыщыIащ дунейпсо литературэм и классикым и цIэр зэрихьэу Гёнен дэт библиотекэм. Абы студентхэр щоджэ, щолажьэ, Умар и IэдакъэщIэкIхэр иту къыдэкIа тхылъ псори, нэгъуэщI куэди щыбгъуэтынущ. Мы къалэм къыщыхъуа щхьэкIэ, Хьэткъуэм и гъащIэм и нэхъыбэр щигъэкIуар, щылэжьар Истамбылщ, щыщIалъхьари аращ. Щыхьэрышхуэм дгъэзэжа нэужь, дэ зэдгъэлъэгъуащ Зинджирлик хьэблэм дэт кхъэм щыIэ и кхъащхьэри.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## ОМЕР Сейфеддин и тхыгъэхэр

## Ефруз-бей и «философиер» адыгэхэм ядэркъым

### (Повестым щыщ пычыгъуэ)

**Шэджагъуэ нэужьт. «Сахьэуэт» хьэщIэщым и бжэIупэм цIыхухэр щызэрызехьэрт. Абыхэм гуп-гупурэ загуэшат, къызыхэкIамрэ зыщыщ лъэпкъымрэ тещIыхьауэ. ЕджакIуэ ныбжьыщIэхэр зы лъэныкъуэт, диным и лэжьакIуэхэр - сохъустэхэр, щоджэнхэр, молэхэр - адэIуэкIэ къыщытт. Мыбдежым щыплъагъурт Тахъкъалэм къикIа хьэмшэрийхэр, махъсымэрэ къундэпсорэ щэн фIэкIа Iуэху зимыIэ ермэлыхэр, журтхэр, Iэрнаутхэр, болгархэр; пыIэ къуацэхэр ящхьэрыкъуэжауэ, дыжьын къамэхэр якIэрыщIэжауэ, адыгэхэр щхьэхуэу къыщытт, уий, мыхэр уэркъ щылъху защIи жыпIэну.**







ПСОРИ зэжьэр Ефруз-бейт. Абы Ахьмэд сулътIаным и уэрамыщхьэм «хуитыныгъэм теухуауэ псалъэ» щыжиIэн хуейт.

ИкIэм-икIэжым, сыхьэтыр хым нэблэгъауэ, Ефруз-бей къалъэгъуащ, и пыхъуэпышэ зыбжанэ дэщIыгъуу. Куэбжэпэм абы къыщыпэплъэрт хьэфэ шэрхъ зыщIэт, ауэ шы зыщIэмыщIа тешанкIэ гъэщIэрэщIа. Щкъуах-сыхым щыщIидзам, Ефруз-бей тешанкIэм дэкIуеину хунэсатэкъым. Абы и къуэдзэхэр зэзауэ гупым яхэлъэдащ, Iуэхур зытетыр къащIэн мурад яIэу. Езы Ефруз-бей фIэтелъыджэт зэкъуэш щхьэхуитхэр щкъуах-сыхым зэрыхыхьар. КъызэрыщIэкIымкIэ, зауэр зыубла адыгэхэр хьэрыпхэм, Iэрнаутхэм, алыджхэм, болгархэм, хьэмшэрийхэм япэщIэуващ арат, лIыхъужьым и тешанкIэр кърашэкIыну езыхэм фIэкIа зыми зэрахуэмыфащэр я фIэщ ящIыну.

- Ефруз-бей дэ ди лъэпкъэгъущ! Абы къыхэкIыуи, гур къезышэкIынур дэращ! - жаIэри, адыгэхэр я къамэ Iэпщэхэм епхъуащ.

ЦIыхушхуэхэм зэрахабзэу, Ефруз-бей, куэд къримыгъэкIуэкIыу, хьэщIэщымкIэ иунэтIащ.

- ФымыпIащIэт! - къэгуоуащ ар. - Сэ иджыпсту ищхьэмкIэ сыкъыщепсэлъэхынщ...

ДакъикъитI нэхъ дэмыкIыу Ефруз-бей къыIухьащ ещанэ къатым хэлъ щхьэгъубжэм, ар зэралъагъуххэу псори ину Iэгу еуащ. Зэрихабзэу, Ефруз-бей Iэ сэмэгур и бгым щIигъакъуэри, и пащIэр щIиIуэнтIэжащ. Зэрызехьэр нэхъ мащIэ щыхъум, ябы щIидзащ:

- Ныбжьэгъухэ! Мыдэ язынукъуэхэм сэ сыадыгэу ябж! Пэжкъым ар! Сэ сыадыгэкъым, лъэпкъи сиIэкъым. Сэ сыщхьэхуит Ефруз-бейщ! Фэ фщыщ дэтхэнэ зыми сыхуэдэщ сэ. Ауэ фэ иджыри къывгурыIуакъым хуитыныгъэр зищIысыр. Конституцэращ хуитыныгъэ хъужыр! Абы лъэпкъхэри динхэри зэхуегъадэ. ЗэхэфщIыкIрэ жысIэм и мыхьэнэр?

Ефруз-бей къедаIуэ гупыр зэрыгъэкIиящ:

- КъыдгурыIуэркъым! ЗэхэтщIыкIыркъым!

- Хъунщ-тIэ, къывгурызгъэIуэнщ. Сэ жысIам къикIыр зыщ: нобэ къыщыщIэдзауэ лъэпкъ щыIэжкъым, дини зэрыщымыIэжым хуэдэу.

Псори зэуэ щым хъуащ. Дакъикъэ бжыгъэкIэ ахэр Iэнкун зэрыхъуар къигъэсэбэпри, Ефруз-бей хуитыныгъэ философием и мыхьэнэр мобыхэм къагуригъэIуэну пыхьащ.

- ЦIыхухэм хуитыныгъэ щагъуэтым деж зэхуэдэ мэхъу. Зэхуэдэхэр - зэкъуэшщ. Динри лъэпкъыцIэри мэкIуэдыж. Псори щхьэхуитщ! Псори зэхуэдэщ! АтIэ къызжефIэт: лъэпкъ, дин зэхэгъэж пщIы хъурэ абы и ужькIэ? Фи бзэ зэтемыхуэмэ, эсперанто зэвгъащIэ. Фызэгухьэ. ФIыуэ фызэрылъагъу. Сэ сIэта «лъэпкъымрэ динымрэ я зэхуэдэныгъэ» бэракъым къыщIэмыувэр хэт щыщми гущIэгъуншэщ икIи ябгэщ! Дэ псоми ди лъэпкъри ди динри зыщ - ар ЩIы хъурейм цIыхуу тетырщ... ИIэт, къуэшхэ, IэплIэ зэхуэфщIыт! Диныр, лъэпкъыгъэр хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ цIыхулышххэмрэ къахуэвгъанэ.

Ефруз-бей кIыхь зригъэщIыIуат. Дауэ мыхъуми, абы нэчыхь, унагъуэ, лъэпкъ-къупщхьэ жыхуаIэхэр гъэкIуэдыжын хуей хабзэжьхэм зэращыщыр мобыхэм апхуэдизкIэ я фIэщ ищIати, истамбылдэсхэм - алыджхэм, хьэрыпхэм, Iэрнаутхэм, журтхэм, хьэмшэрийхэм, болгархэм, ермэлыхэм - IэплIэ зэхуащIу, зызэрадзащ... Ба мин бжыгъэм я макъым дунейр игъэзджызджт.

Ефруз-бей кърибжэкIар зи фIэщ мыхъуар, зи гум дэмыхьар адыгэхэм я закъуэт. Абыхэм я щхьэ хуагъэфэщакъым алыджхэм, болгархэм, журтхэм, къинэмыщIхэм яIурыбзеен. Ефруз-бей зыхуагъэзащ, дыжьын къамэ Iэпщэр якъузурэ:

- Уэлэхьи, зи лъэпкъ зымыдэжыр цыджаным нэхърэ нэхъ Iейм! - жаIэри, адыгэхэм Топхъанэ хьэблэ дэт шей ефапIэмкIэ яунэтIащ.

Шей ефапIэм здэкIуэм абыхэм Кавказым щыIэ хабзэм-бзыпхъэм, лIыгъэм я гугъу ящIырт, адэ хэкужьым къыщана шагъдий жэрхэр, уанэхэр, щIакIуэхэр, дыжьын къамэхэр ягу къагъэкIыжырт.

*ЗэзыдзэкIар*
**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэдщ.**

## ГъащIэм пхрыкI лъэс лъагъуэ

### Бгынэжа унэ

«Бгынэжа унэр хъункъым
увыIэпIэ!» -
Си гъуэгугъэлъагъуэр ткIийуэ
къысхуоплъэкI.
Зэгуэр мы абгъуэр щытыгъат
псэупIэу
Иджы пабжьалъэр шылъэм
иретIыкI.

СимыIэж жьэгум узу сиубыдащи,
«Ар сыткIэ къэзлэжьат? -
сызоупщIыж, -
ДэнкIэ сунэтIми, гуауэр
щыетащи»...
«Уахътым ухуокIуэ!» -
жэуап къызетыж.

«Ар гъащIэм пхрыкI псоми я
лъэс лъагъуэщ!» -
Iущащэу сщхьэщолъэт жьынду
абрагъуэ.

### Фызабэ

Мо унэр ещхьщ борэным
ихьа абгъуэм,
Мо абгъуэр щыгъуэм
иубыдащи, щымщ.
Мыпщащэ, мыщхьэгъусэ,
е мыанэ -
Бзылъхугъэ щIалэр иджы
мышэ-мышхущ.
Зы илъэс закъуэт мо
щхьэгъубжэIулъым
А тIум я насып-ныбжь
къыщыпхыпсар;
Зы илъэс закъуэт тенджыз
кхъухь зауэлIым
ЩIым щихьыжыну Тхьэм
кърипэсар!
Иджы къыхопсыр Iупхъуэм зы
ныбжь закъуэ.
Уэздыгъэр нэху щыху щос
щхьэгъубжэ закъуэ.

### Мазэ гуфIэрей

Дыгъэр щетIысэхым,
Мэзым сыкъыщIэкIт.
Ныбжьыр укIытэхыу,
Сакъыу къысхуеплъэкIт.
Асыхьэту пшэхэм
Къащхъуэ зыкъащIащ,
ЗыкъиIубри уафэм -
МафIэу зилыпщIащ.
Жьыбгъэм и фэр пыкIри,
КIыфIым хэткIухьащ -
Бжьыхьэм и IэфракIэу
Джафэм жэп техащ.
Жэщырти, ешауэ
Жейм хилъэфэжащ -
Дыжьын сабэ ипхъри,
Мазэр дыхьэшхащ.

### Лъахэ

Гъунапкъэм адэкIэ, жыжьэу
Щопсэу си къуажэ.
Къуршыпсыр тхъурымбэ хужьу
А лъахэм щожэ.
Гъатхэпэм псыдзэл къудамэр
ЗэщIоупцIапцIэ,
Зиущэхуурэ сядэжь и унэр
КъыскIэлъохъуапсэ.

Зыгуэрым гуфIэгъуэ макъкIэ
Схуегъэшри гугъэ -
ЗыщIыпIэ жэнэт зэгъуэкIыу
Щопсэу си жылэ.

### Закъуэныгъэ

Аузыр жейм хелъафэ,
Жыг ныбжьхэм я фэр покI.
Гъуэгу пабжьэхэр псыIафэу
Жьы щабэм къыдоудж.

Зы вагъуи зы бзий хъуаскIи
Къызаткъым лъапэнэху;
Зы макъ къыскIэлъымыджэу,
Гъуэгуанэр пхрызоху.

Зыгуэрхэм я лъэужьым
Сиш Iущым хуещI гущыкI:
Дощыщ шыр лъэ ежьужьым,
Мэхъашэу йоувыIыкI.

НэщIыпсу жэщ гъэрибым
Иджы жьы къыпеубыд;
Апхуэдэу щхьэ сыибэ -
Шы фIалъэм псэр сщIеуд?!

ЗэзыдзэкIар
**КЪАРМЭ Iэсиятщ.**

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу

# Сталиным фIыуэ илъэгъуа дзэзешэ

### Рокоссовскэм и закъуэщ къэралитIым я маршалу дунейм тетар

**Хэку зауэшхуэм и зэманым хуабжьу цIэрыIуэу щытащ Рокоссовский Константин. Егъэлеяуэ пхъашэ Сталин Иосиф езым и дзэзешэхэм ящыщу маршалитIырщ - Шапошниковымрэ Рокоссовскэмрэщ я цIэ-адэцIэхэмкIэ зэджэу щытар: абы къикIырт пщIэ хэIэтыкIа. Ауэ сэлэтхэм, офицерхэм, генералхэм къыхуащI пщIэри нэхъ мащIэтэкъым.**

Рокоссовский Константин Псков областым хыхьэ Великие Луки къалэ цIыкIум 1896 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэсихи иримыкъуауэ и адэр дунейм ехыжащ, мыгувэу кIэлъыкIуащ и анэри. Япэ дунейпсо зауэм сэлэт къызэрыгуэкIыу хыхьащ, унтер-офицеру къыхэкIыжащ.

1917 гъэм и жэпуэгъуэм екIуэкIа революцэм и ужькIэ Дзэ Плъыжьым и шуудзэхэм яхэтащ. Адмирал Колчак и къарухэм щезауэм зэрихьа лIыгъэм папщIэ Бэракъ Плъыжь орденымкIэ ягъэпэжащ. Зи гущIэгъуншагъэкIэ цIэрыIуэ «барон фIыцIэ» фон Унгерн Штернберг и бандэхэр зэтраукIа иужькIэ етIуанэ Бэракъ Плъыжь орденри кърататщ. Дзэ къулыкъукIэ дэкIуейрт ар, арщхьэкIэ 1937 гъэм пцIы тралъхьэри, Польшэм и щэхурылажьэу къыщIрагъэдзащ. ЯгъэтIысами, къахуэгъэшакъым: зыгуэркIэ къуаншэу къахуэумысакъым. 1940 гъэм и гъатхэпэм къаутIыпщыжри, сыт и лъэныкъуэкIи хей ящIыжащ.

1940 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщIэдзауэ щэкIуэгъуэр къэсыху япэщIыкIэ шу, иужькIэ механизированнэ къарухэм я унафэщIу щытащ. Нэмыцэхэр Москва къыщебгъэрыкIуэм Рокоссовскэм и зауэлIхэм яхъумащ Яхромскэ, Солнечногорскэ, Волоколамскэ унэтIыныгъэхэр. ЗэхэгъэкIыгъуэ махуэхэм ар зи унафэщI 16-нэ армэм зэхикъутащ Москва ищхъэрабгъумкIэ къыпэзыкIухьыну хущIэкъуа гупышхуэр. ЗэрыпхъуакIуэхэр ди щыхьэрым километри 100 - 250-кIэ Iуахужауэ щытащ.

КъухьэпIэ фронтым и дзэхэм я Iэтащхьэ Жуков Георгий езым и унафэм щIэтым щхьэкIэ итхыгъащ: «Зауэм и Iэмалхэм фIыуэ хещIыкI, езыр хахуэщ, жыджэрщ, Армэм и командующэм и къулыкъум сыт и лъэныкъуэкIи хуэфащэщ».

Мыр гъэщIэгъуэнщ. Зауэм и япэ мазэхэм Совинформбюром къит хъыбархэм едаIуэ цIыхухэм ящIэртэкъым «командир Р»-р хэтми. Ар ябзыщIырт Москва щахъумэ япэ махуэхэми. 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 20-рщ хэIущIыIу щащIар: «Ныбжьэгъу Рокоссовскэр зи унафэщI зауэлIхэм нэмыцэхэм я танк 60 ягъэсащ». КъыкIэлъыкIуэ махуэми: «Жэпуэгъуэм и 21-м Рокоссовскэм и зауэлIхэм зэтраIыгъащ къебгъэрыкIуэ бийхэр, апхуэдэуи абыхэм удынышхуэ ирадзащ».

### Польшэр хуит къищIыжащ

Апхуэдэу шыщхьэмыгъазу Рокоссовскэр зэуащ 1942 гъэми, 1943 гъэми. 1944 гъэм и гъэмахуэм ар Совет Союзым и Маршал хъуакIэт, Япэ белорус фронтым и унафэщIт. Абы и дзэхэр лъэныкъуитIкIэ Варшавэ екIуэлIат. Эмиграцэм щыIэ правительствэм и унафэкIэ, фашистхэм я бий зэщIэхъееныгъэ Польшэм къыщаIэтат. Абы щыгъуэми, СССР-м и унафэщIхэми, ди дзэзешэхэми хъыбар гуэри ирамыгъащIэу.

Рокоссовскэр къэнат ищIэнур имыщIэу. Абы и гум къыщIитхъырт зыкъэзыIэтахэм зэрадэмыIэпыкъуфынур: дзэхэр зауэ хьэлъэ дыдэхэм къыхэкIа къудейт, ахэр километр 600-кIэ кIуэтат къызэтемыувыIэу. ЦIыхухэр езэшат, техникэр зэгъэпэщыжын хуейт. КъэмыувыIэу хъунутэкъым: Вислэ телъ лъэмыж псори бийм зэхикъутат. Рокоссовскэм къыгурыIуэрт езым иIэ къарухэмкIэ уебгъэрыкIуэ зэрымыхъунур. Апхуэдэ гупсысэ хьэлъэхэм здаIыгъым жэщым ВЧ-р къэзуащ.

- Варшавэ теухуауэ сыт фи мурад? - къеупщIащ Сталиныр. Рокоссовскэм абы щхьэтечу гуригъэIуащ Iуэхур зыIутыр.

- Дзэхэм иджыпсту Варшавэ хуит къащIыжыфыну? - аргуэру къеупщIащ Сталиныр.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы иджыпстукIэ яужь дихьэфынукъым.

- Ауэ фхузэфIэкI къэвмыгъанэ, зыкъэзыIэтахэм фадэIэпыкъун папщIэ.

- Зыри къэдгъэнэнкъым!

Рокоссовскэм хузэфIэкI псори ищIащ. ЖэщкIэрэ бомбэзехьэ кхъуахьлъатэхэр игъэкIуащ, шэхэр, уIэгъэпххэр, ерыскъы яхуридзыхащ. Топхэр жэщми махуэми фашистхэм яхэуэрт.

### 1945 гъэр

Варшавэ папщIэ екIуэкIа зауэр иухауэ аргуэру телефоныр мэзу. Къэпсалъэр Сталинырт.

- Ныбжьэгъу Рокоссовский! Уэ ЕтIуанэ Белорус фронтым и унафэщIу удогъэув.

Зэхихар апхуэдизу зыпэмыплъати, Рокоссовскэр къэуIэбжьащ. Сыт къэхъуар? Зауэр щиух дыдэм сыт ар Берлин щIыпагъэкIыр?

Къехьэкl-нехьэкl хэмылъу жриIащ:

- Сыт апхуэдизу уигу къыщIызэбгъар, ныбжьэгъу Сталин? Сыт сэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэм сыкъыщIытрачыр?

Сталиным занщIэу жэуап итыжакъым: хэгупсысыхьауэ къыщIэкIынт. Иужьым и макъыр къэIуащ:

- Япэ Белорус фронтым и унафэщIу Жуковыр догъэув. Уэ дауэ уеплърэ абы?

Сытыт жэуапу иритынур? Жуковыр зихуэдэ щымыIэ дзэзешэщ. Абы сыт хуэдэ къалэнри хуэгъэзэщIэнущ. Шэч хэлъкъым советыдзэхэр Берлин зэрыдишэфынуми. Ауэ а псори ещIэ езы Сталинми. КъызэрыгуэкIыу жиIащ:

- Хуэфащэщ а къулыкъур.

- Берлин щыми къэфщтэнущ: Жуковым, уэ, Коневым.

ИтIанэ щIигъужащ:

- Хуит узощI узыхуей псори здэпшэну.

Къэралымрэ IэщэкIэ ЗэщIэузэда КъарухэмрэщызэрихьэкIэ, Сталиныр зытет хабзэхэр зыщIэ дэтхэнэри щыгъуазэт абы а лъэбакъуэр тыншу зэримычам. Сталиныр хуабжьу яхуэткIийт IэнатIэщIэ щагъакIуэкIэ и блыгущIэтхэр зэщIэзыкъуэхэм.

Iуэхур япэ иригъэщри, пидзыжащ щабэу:

- Ныбжьэгъу Сталин, сэ зыри здэсщтэнукъым. ЦIыхуфIхэр дэнэ щIыпIи щыIэщ.

- Мис абы щхьэкIэ сэ уэ фIыщIэ пхузощI.

ЕтIуанэ Белорус фронтым текIуэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Iуэхугъуэ инхэу щы щызэфIигъэкIащ КъуэкIыпIэ Пруссие, Померание, Одер унэтIыныгъэхэм.

### ТIэунейрэ маршал

Хэку зауэшхуэр иуха иужькIэ 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м ТекIуэныгъэм и Парад щекIуэкIащ Москва и Утыку Плъыжьым. Ар къеIызыхар Жуковырщ, зезыгъэкIуар Рокоссовскэрщ.

1945 - 1949 гъэхэм Рокоссовскэр щытащ Польшэр зи хэщIапIэ советыдзэхэм я Ищхъэрэ гупым и Iэтащхьэу. 1949 гъэм и жэпуэгъуэм совет унафэщIхэм хуит ящIри, Польшэм и властхэм я лъэIукIэ ар ПНР-м лъэпкъ зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру икIи премьер-министрым и къуэдзэу ягъэуващ. Абы фIащащ, «Польшэм и маршал» цIэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ а дзэзешэм и закъуэщ къэралитIым я маршал хъуауэ тхыдэм ищIэжыр.

1956 гъэм СССР-м къигъэзэжа иужь, Совет Союзым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэу лэжьащ, нэгъуэщI къулыкъушхуэхэр иIыгъащ.

А дзэзешэ акъылыфIэр икIи цIыхугъэ нэс зыхэлъыр 1968 гъэм и шыщхьэуIум дунейм ехыжащ.

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Вьетнам

# КъыпхуэмыщIыхужыну къэрал хъуэпсэгъуэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 116-нэ номерым тетщ).*

**СССР-м Вьетнамым хуабжьу зыщIигъэкъуащ, гугъуехь инхэм хэхуа къэрал псоми зэрадэIэпыкъум хуэдэу. АтIэми, тхьэпэлъытэ, Хо Ши Мин иригъэкIуэкIа политикэ мыхъумыщIэм и зэранкIэ абы и мэкъумэш хозяйствэр мывэ лъэхъэнэм къыхэхутэжат. Промышленность иIэххэтэкъым. Зауэ кIыхьым зэхикъута псори зэфIэгъэувэжыныр-щэ? КIэщIу жыпIэмэ, щытыкIэр хэплъэгъуэ къудейтэкъым, атIэ икIи узижагъуэнт.**

Вьетнамым чэруану зэрыхь кхъухьхэмкIэ иригъашэхэм нэмыщI, СССР-м абы игъакIуэрт IэщIагъэлI куэдыкIей. Ахэр ядэIэпыкъурт IэнатIэ псори зэфIэгъэувэжынымкIэ, щIэхэр къызэIуахынымкIэ. Жыжьэ дыIэбэнкъыми, апхуэдэ IуэхукIэ Вьетнамым щыIащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёр (а зэманым) Фырэ Руслан. Абы къыджиIэжат а къэралым и цIыхухэр фIы дыдэу къызэрытхущытым щыхьэт техъуэ хъыбархэр.

СССР лъэщыр лъэлъэжу КПСС-р утыку икIа иужь Урысеймрэ Вьетнамымрэ я зэпыщIэныгъэхэр къэтIэсхьащ. Хьэуэ, зэщыIеякъым, арщхьэкIэ япэрей зэхущытыкIэхэр щыIэжкъым. Вьетнамым и лэжьэгъу нэхъыщхьэ хъуащ и бий кIэуфIыщIу щыта... США-р. Ар къызыхэкIа псоми я гугъу дэ тхуэщIынкъым, ауэ къыхэдгъэщынщ ди деж къыщыунэхуа «реформаторхэм» ди блэкIар хэутэн ящIурэ къэралыр щыкIуэцIрагъэхуа зэманым Вьетнамым и унафэщIхэр нэхъ губзыгъэу къызэрыщIэкIар. Китайм и Iэтащхьэхэми яхуэдэу, абыхэм къагъэлъэгъуащ социалист ухуэкIэри умыхъуэжу икIи коммунист идеологиеми утемыкIыу къэралым зэрызебгъэужьыфынур. Нэхъ кууэ гупсысэн хуей къудейуэ аращ. КъыкъуэкI Iэмалхэр къэгъэсэбэпынри абы хэтыжу.

Коммунистхэр зи пашэ Вьетнамыр иджы къыпхуэцIыхужынукъым. Абы и ВВП-м 2019 гъэм проценти 7-м нэс къыхэхъуэну хуагъэфащэ. Ар дуней псом щынэхъ бжыгъэфIхэм хабжэ. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ дызэрыт илъэсым и япэ зэхуэдитIым къэралым и правительствэм инвестицэ проект 1700-м щIигъу къызэрищтар. Вьетнамым зэрохь компьютер лIэужьыгъуэщIэ дыдэхэр къыщIэзыгъэкI компаниехэр, Трамп Китайм сату зауэ ирищIылIа иужь санкцэхэр зылъэIэса концерн зэмылIэужьыгъуэхэм плъапIэу яIэр Вьетнамырщ. ЦIыху мелуан 93-рэ щыпсэу а къэралым политикэ щытыкIэр щызэпIэзэрытщ, пуду лэжьэну хьэзырхэр щыкуэдщ, правительствэм, езым и экономикэм мылъку нэхъыбэ къыхишэн папщIэ хузэфIэкI къигъанэркъым.

Вьетнамым и унафэщIхэм Трамп къагъэдэIуэф США-м ирагъашэ ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ тарифышхуэ тримылъхьэну. Нэгъабэ мы къэралым щагъэхьэзыра псоми я процент 26-р Америкэм къыщыхутащ. ЗэкIэ Трамп Ханой къаугъэ ирищIылIэну хуейкъым, езыр Китайм щыпэщIэткIэ къигъэсэбэпыну и мурадщи.

Дунейпсо бизнесыр Вьетнамым мэIэпхъуэ. Трамп нэгъуэщI китай хьэпшыпхэми процент 25-рэ хъу пошлинэ трилъхьэнкIэ къыкъуэкIа шынагъуэм компаниехэр ирехулIэ щхьэегъэзыпIэщIэ къагъуэтыным.

АрщхьэкIэ лъэпощхьэпохэри къыкъуокI. Псалъэм и хьэтыркIэ, США-м и властхэм китай хьэрычэтыщIэхэм шэч хуащI пцIы яупсу: езыхэм я продукцэр вьетнам дамыгъэ тету а къэралымкIэ Штат Зэгуэтхэм ирагъашэу.

Ханой хущIокъу хей зищIыну: абы жиIащ апхуэдэ хьэгъэщагъэ зезыхьэхэм къуэды хьэлъэкIэ етхьэкъуну.

Вьетнамым и властхэм Iуэхухэр губзыгъэу зэрагъакIуэ: США-м ирагъашэхэр нэхъыбэ хъухукIэ, абыхэм езыхэми я къэралыр нэхъыбэу хузэIуах америкэн компаниехэм. Ханой, уеблэмэ, хьэзырщ егъэлеяуэ лъапIэ америкэн газ тклIуаткIуэр ищэхуну.

Урысейр-щэ? Фэ теткъым ар лъэныкъуитI зэпыщIэныгъэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным хущIэкъуу. Ауэ икIи зэIигъэхьэркъым. Мис зы щапхъэ: Москва Вьетнамми нэгъуэщI къэрал зыбжанэми яхуигъэгъуащ щIыхуэу ятелъа доллар мелардхэр. ЩхьэусыгъуэуищIащ къызэрырамытыжыфынур. АрщхьэкIэ мыбдеж упщIэ зыбжанэ къыщыкъуокI: сыт къущIимытыжыфынур? КъуимытыжынуМи, тебгъэлъ щхьэ мыхъурэ, ущыхуейм и деж игу къэбгъэкIыжу? А щIыхуэр сэбэп хъурт: абы щхьэщатыкIын хуей процентхэр пэувырт Вьетнамым щыIэ урысей дзэ базэм щIат бэдженд уасэм. ЩIыхуэр щыхуагъэгъум процентхэри кIуэдыжащ, дзэ базэри зэхуащIыжын хуей хъуащ...

... Вьетнамхэр иджыри Урысейм фIыуэ къыхущытщ, абыхэм ящыщ куэд ди къэралым щеджащ, ауэ дэ дыхьэзыр хуэдэкъым ар къэдгъэсэбэпыну.

● Щапхъэ

# Чемпионхэм пщIэшхуэ хуащI

**Бахъсэн къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн, КъБР-м финансхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Быф Аскэр, къалэ спорт школхэм я унафэщIхэм, спортым дихьэххэм къзрагъэблэгъэжащ АСА лигэм и чемпион ди лъэпкъэгъу Багъ Алий.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Мэзкуу дэт «ВТБ-Арена» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ АСА 99 зэзауэ зэхэтхэмкIэ зэхьэзэхуэр. Пшыхьым и зэIущIэ нэхъыщхьэм утыкум къыщихьащ бахъсэндэс Багъ Алийрэ Халиев Хъусенрэ. Япэ Iыхьэм шэшэн спортсменым нэхъыфIу зыкъыщигъэлъэгъуащ. КъыкIэлъыкIуэхэм «Халк» зи цIэ лей Алий нэхъ жыджэр къэхъуащ икIи еплIанэ Iыхьэр екIуэкIыу, и хьэрхуэрэгъум и Iэр иIуантIэри, абы зригъэтащ. Апхуэдэу Багъыр АСА лигэм зи хьэлъагъыр нэхъ псынщIэхэм я деж чемпион щыхъуащ. Утыкушхуэхэм Алий текIуэныгъэ 28-рэ щызыIэригъэхьащ, 10 къыхагъэщIащ. Халиевым и дежкIэ иджырейр етIуанэу къыщыхагъэщIа зэIущIэ хъуащ.

Багъ Алийрэ шыщхьэуIум и 31-м Краснодар къалэм щекIуэкIа АСА 97 зэхьэзэхуэм щытекIуа Бырхьэм Мухьэмэдрэ щагъэлъэпIа пшыхьым кърихьэлIащ щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэхэр, къалэ советым и депутатхэр, спортсменхэр, школакIуэхэр. Пэшым щIэсхэм я упщIэ зэпымыухэм жэуап нэсхэр иратащ чемпионхэм.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ Бахъсэн къалэмрэ Дыгулыбгъуей къуажэмрэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэхэм я гъэсэнхэм.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**



● Футбол

# Iуэхухэр щызэхэкI лъэхъэнэ

**Ди республикэм футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатыр иухыным мазэ иримыкъу иIэжу аращ. Гупхэм я Iуэхухэр щызэхэкI иужь лъэхъэнэр къэунэхуащ.**

Зэхьэзэхуэм и медалхэр зыIэрыхьэну хуагъэфащэ командищыр куэд щIащ япэ зэрищрэ. Абыхэм дыщэр «Автозапчасть»-м къазэрыхихар къэпщIэну гугъукъым - щэбэт къакIуэ Къэхъун щыIэу «Керт»-р зытримыгъакIуэмэ, зыри къылъэщIыхьэжынукъым. Дыжьынымрэ жэзымрэ я Iуэхур нэхъ зэпэубыдащ. «Энергетик»-мрэ «Тэрчымрэ» зэдобакъуэ икIи япэу лъэпэрапэм етIуанэ увыпIэр IэщIэкIынущ.

Бэнэныгъэр щыужьыхыркъым турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэми. Зи Iуэхухэр мащIэу зыгъэзэкIуэжыфыну щыта «Нартаным» Iэмал гъуэзэджэр къигъэсэбэпакъым. ЯпэщIыкIэ, ягъэIэпхъуауэ щыта зэIущIэм ипкъ иткIэ, къыхуеблэгъа «Керт»-м фIихьащ, къыкIэлъыкIуэу Налшык и «Спартак-Д»-р къефIэкIащ. Иджы фIэщщIыгъуейщ нартандэсхэр гъэ къакIуэ гуп нэхъыщхьэм къыхэнэну. Ардыдэр пхужыIэнущ мы илъэсым абы къыхыхьагъащIэ «Акъбащми» теухуауэ.

Ещанэу гуп нэхъыщхьэр зыбгынэнур нэхъ къэщIэгъуейщ. Абы пэIэщIэ зыхуащIыну зоныкъуэкъу «ЛогоВАЗ»-мрэ «Псыкуэдымрэ». Ауэ ахэри тхьэмахуэ кIуам хуэмыхуащ. Бабугентдэсхэм я деж щыхагъэщIэфакъым ХьэтIохъущыкъуей къуажэм икIахэр. И хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщ Псынэдахэ и «Родник»-м къыпикIуэтри, «Псыкуэдым» ар зыIэщIигъэкIащ.

«Автозапчасть»-м и пашэ Бэчбо Мурат я хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкIа топхэм я бжыгъэр 45-м нигъэсащ. Апхуэдэ зэфIэкI зэкIэ мы гъэм яIакъым зэрыгупу «Акъбащми», «Нартанми», «Псыкуэдми», «Нартми», «Родник»-ми, «Къундетейми».

АдэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **1**:**1**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **3**:**0**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Керт**» (Къэхъун) - **4**:**5**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Налшык**» (Налшык) - **2**:**0**, «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0**:**2**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Акъбащ**» (Акъбащ Ищхъэрэ) - **4**:**1**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2**:**3**, «**Къундетей**» (Шэджэм) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - **0**:**5**.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2019 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Автозапчасть»** | **26** | **24** | **1** | **1** | **135-21** | **73** |
| **2.** | **«Энергетик»** | **26** | **20** | **2** | **4** | **96-30** | **62** |
| **3.** | **«Тэрч»** | **26** | **20** | **2** | **4** | **70-31** | **62** |
| 4. | «Спартак-Д» | 26 | 17 | 2 | 7 | 66-38 | 53 |
| 5. | «Керт» | 26 | 15 | 4 | 7 | 89-45 | 49 |
| 6. | «Ислъэмей» | 26 | 10 | 7 | 9 | 56-59 | 37 |
| 7. | «Малка» | 26 | 10 | 5 | 11 | 74-70 | 35 |
| 8. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 26 | 10 | 4 | 12 | 53-62 | 34 |
| 9. | «Родник» | 25 | 9 | 3 | 13 | 42-67 | 30 |
| 10. | «Налшык» | 25 | 8 | 5 | 12 | 53-60 | 29 |
| 11. | «Къундетей» | 26 | 8 | 4 | 14 | 44-73 | 28 |
| 12. | «Нарт» | 26 | 6 | 8 | 12 | 42-69 | 26 |
| 13. | «Псыкуэд» | 26 | 6 | 4 | 16 | 38-103 | 22 |
| **14.** | **«ЛогоВАЗ»** | **26** | **5** | **6** | **15** | **48-81** | **21** |
| **15.** | **«Нартан»** | **26** | **5** | **0** | **21** | **41-81** | **15** |
| **16.** | **«Акъбащ»** | **26** | **4** | **3** | **19** | **37-94** | **15** |

● Албание



**Къэралым и утыку нэхъыщхьэ**

**Скандербег и цIэр зезыхьэ утыкур Албанием и щыхьэр Тиранэ щаухуащ ар фашист Италием щыIэщIэлъа зауэ зэманым: Муссолини жыджэру архитектурэ лэжьыгъэ щригъэкIуэкIырт Рим и «адрыщI щIыналъэхэм». Къэралыр социализмэм и гъуэгум техьа иужь утыкум къращIэкIащ жылагъуэ унэ зыбжанэрэ Сталин Иосиф и статуерэ. Зэман дэкIри, иужьрейр зэрахъуэкIащ Албанием и лъэпкъ лIыхъужь, къэралыр Тыркум и тепщэныгъэм къыщIэгъэкIыным щIэбэна Скандербег и фэеплъышхуэкIэ.**

# Илъэситхум къриубыдэу иджы япэу

● Анэ мылъку

### Анэм хухах ахъшэм 2020 гъэм къыщыщIэдзауэ сом мин 13 щIагъунущ

- Дызыхыхьэ илъэсым сабий етIуанэ къыщалъху унагъуэм зэуэ иратынущ иджыпсту зэрыхъу сом мин 453-рэ 26-м и пIэкIэ мин 466,6-рэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, сом мин 13-кIэ нэхъыбэ, - жиIащ вице-премьер Голиковэ Татьянэ. - Пенсэ фондым и бюджетым мы Iуэхум хухихащ сом мелард 325-рэ. Абы Iэмал къет анэ мылъкур нэхъыбэ ящIыну.

Иужьу абы щыхагъэхъуар 2015 гъэрт - проценти 5,5-кIэ. Иджы къызэраIэтыфыр проценти 3,8-кIэщ. АрщхьэкIэ къулыкъущIэхэм къагъэгугъэ ар щIэдзапIэ къудейуэ. Мис а Голиковэ дыдэм и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, 2021 гъэм а бжыгъэр сом мин 489-м нэсынущ. ДяпэкIэ зэрыхагъэхъуэну бжыгъэр зыпыщIауэ щытынур Урысейм и экономикэм и щытыкIэрщ.

Индексацэм къызэщIиубыдэнущ а мылъкум щыщу къамыгъэсэбэпу къэнахэри. Языныкъуэхэм деж унагъуэр хуэныкъуэкъым зэуэ ахъшэ псоми. Псалъэм папщIэ, ипотекэр япшыныжыным сом мин 300 хурикъунущ. Къэна мылъкур абы иужькIэ къагъэсэбэп хъунущ.

А зэманым индексацэ къыкъуэкIмэ, къахуэна ахъшэми хэхъуэнущ, банкым хэлъ хуэдэу.

Ар ехьэлIащ зэрыщыту анэ мылъкуми: сертификату сом мин 429,4-рэ щату щыта 2014 гъэм къыIэрыхьарэ 2020 гъэр къэсыху ахъшэр къыхимыхмэ, унагъуэм сом мин 453-рэ Iэрыхьэнущ.

- Иджырей индексацэр гуапэ къудейкъым, атIэ икIи гугъапIэфI къозытщ, - жиIащ экономист Кричевский Никитэ. - Илъэситху нэужьым а мылъкум зэрыхагъэхъуэфыну ахъшэ къыщагъуэткIэ ди правительствэм ичыну къыщIэкIынущ щытыкIэр езыгъэфIакIуэ нэгъуэщI лъэбакъуэхэри.

Мы гъэм индексацэ щымыIами, зэхъуэкIыныгъэфIу тIу къэхъуащ: иджы анэ мылъку къеIыпхыным гугъуехьхэр пыщIакъым - къулыкъущIэхэм къалэн щащIащ тхылъхэр нэхъ псынщIэу ягъэхьэзырыну. Апхуэдэу абыхэм я тэмэмагъыр къэпщытэнми зэману текIуадэр нэхъ мащIэщ.

*«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар* **ШАЛ Мухьэмэдщ**.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33
12+

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.055 ● Заказ №914